№14 (19898) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХІАКЪИКЪАТ

МАГІАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

9 апрель 2024 с. рузман

БАЙРАМ

## КІалбиччаялъул гІид - гІаламалъего рохел

Нилъер гІумруялъулъ лъикІабги квешабги кида-къадги лъугІулеб гІадат бугелъул, гІажаибго хехго ахиралде щун ратула бищунго лъикІал, талихІал лахІзатал. Гьале рамазан моцІалъул талихІал лахІзаталги, гІагарлъигун яги гьудул-гьалмагъзабигун цадахъ рохалида тІамулел ифтаралги, сухІуралги, таравихІалги ахиралде щвана. ТІаде щвана исламалда бищунго кІудиял гІидазул цояб – КІалбиччан къо. Бищунго цІикІкІун нилъее кири щолеб гІибадат – рамазан моцІалъул кІалал кквеялдаса рохел загьир гьабизе кколеб байрам. Нилъецайин абуни цо-цо мехалда захІматги гьабула гьеб рохалилаб гІид, гІадаталги гьоркьор речІчІизарун. Гьелъги батила жакъа нигІматазул рахъалъ гьарзалъи букІаниги, гьитІинаб мехалда букІараб кІалбиччанкъоялъухъ, гьитІинабги сайгъаталдаса рохулел рукІараб заманалъухъ урхъун рукІунел нилъ.

*(Хадусеб 5-абилеб гьумералда)*



ГІащилтІа



Дербенталда

ХЪИЗАМАЛЪУЛ СОНАЛДЕ

### «МагІарулалдаса» магІарулай



6 гьум. >>>

ИНСАН

### Анкьракьалда лъай кьеялъул къебелъи тІегьазабурав



12 гьум. >>>

ГЬАНИСА-ДОБАСА

### «НекІони дудаса гьел хІинкъун рукІун ратила»



16 гьум. >>>

## Цин модулияб, хадуб – капиталияб

**ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIобитIараб данделъиялда бицана лъай кьеялъул идарабазул риххун инехъин ругел минабазул хIакъалъулъ.**



Дагьалъ цеве пачалихъиял хIакимзабазул къокъа щун букIана Хасавюрт шагьаралъул М. Дацаевасул цIаралда бугеб №17 школалде. 1979 соналда бараб гьеб жагъаллъун ва гIумруялъе хIинкъи бугеблъун лъугьун буго. Гьелъухъ халгьабун хадуб хIукму гьабуна лъималазул цIали батIияб бакIалда гIуцIизе.

ГI. ГIабдулмуслимовас абуна, школалъул техникияб хIалалъухъ халгьабураб комиссиялъул хIукмуялда рекъон, школалъул квегIаб рахъалда лъималазулги педагогазулги ва цогидал хIалтIухъабазулги гIумруялъе гьениб хIинкъи бугин. Гьединлъидал 1900 цIалдохъанасе цIали гIуцIун буго кIиго сменаялда ва дарсал кьолел руго гIумруялъе хIинкъи гьечIеблъун рикIкIараб кваранаб рахъалда. Байбихьул школалъул цIалдохъаби кваназарулел руго актовый залалда.

Рехсараб масъала тIубазабиялъул мурадалда ДРялъул хIукуматалъ хIадурун руго цIияб школа баялъе хIажатал документал ва гьел ритIун руго РФялъул Лъай кьеялъул министерствоялде. РакIалда буго 1500 цIалдохъанасе бакI бугеб модулиял блоказул цIияб школа базе. Хадубккун, ай школалъе цIияб мина бан бахъиндал, модулиял блокал цогидал бакIазда хIалтIизаризеги рес букIинилан бицана данделъиялда.

## ХIадурлъулел руго хIухьбахъиялде

**«ЦIияб цIалул соналде лъималаз хIухьбахъизеги сахлъи щула гьабизеги ккола. Нилъеда тIадаб буго гьелде мухIканго хIадурлъизе», - ян байбихьана данделъи ДРялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Муслим Телякавовас. Гьеб тIобитIана гьал къоязда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда. Гьелда гIахьаллъана пачалихъиял идарабазулги, муниципалитетазулги, халкколел идарабазулги вакилзаби.**



Кинал лагеразе ва сахлъицIуниялъулгун ракIгъеялъул идарабазе ихтияр кьезе бугеб лъимал къабул гьаризе? Гьезул сияхI хIадуризе буго тIоцебесеб маялде. Гьел бакIазда чIезаризе ккола санитариял нормаби ва эпидемиялдаса цIуниялъулгун лъай кьеялъе санагIатал шартIал. Гьеб сияхI букIине буго ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул сайталда.

Лъималазул хIухьбахъи гIуцIиялъе гьабулеб хIадурлъиялъул хIакъалъулъ бицана ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас. «Исана гьелде харж гьабизе буго 397 миллионгун нусазарго гъурущ. Гьелъухъ хIухьбахъизе рес щвела тIолго цIалдохъабазул микьго процентлъе. Гьел къабул гьаризе руго 244 лагералда: 25 – шагьар тун къватIиб ва 213 – школаздаго. РакIалда буго 37 азарго лъимадуе хIухьбахъи гIуцIизе. Аслияб кIвар буссинабизе буго СВОялъул гIахьалчагIазул лъималазде», - ян бицана министрас.

Лагералде путевка босизе бегьула МФЦялде хитIабги гьабун.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Лъел балагьалдаса цIунаги!

**Россиялъул 39 регионалда буго лъел балагь. Гьелъие гIиллалъун рикIкIунеб буго исана гIемераб гIазу бай ва циндаго гьеб биин.**

Дагъистаналъул гIатIиракьалдаги букIине бегьула гьединабго балагь. Гьелде дандечIеялъе гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ бицана гьал къоязда ДРялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Нариман ГIабдулмутIалимовас тIобитIараб данделъиялда. Гьениб бицана лъелъ ракьал гъанкъунгутIиялъул мурадалда 2023 соналда гIуцIун рукIарал тадбиразулги исана гьабизе бугеб хIалтIулги хIакъалъулъ.



Аслияб мурад буго – ихдал гIазуги биун, гIоразулъе чвахулеб лъеца балагь гьабизе биччангутIи. ДРялъул тIабигIиял сурсатазулги экологиялъулги министр Александр Зиминица хIинкъи бугел бакIазда гьоркьор рехсана Рутул районалъул Кала росдада гIагарлъухъан чвахулеб Шиназчай гIорги ва МахIачхъалаялда гIагарлъухъ бугеб Черкес-озен лъарги. Гъоркьиса гьезул тIинуялдаса кIабатI бацIцIад гьабунин бицана гьес. Исана федералияб сурсаталъухъ ва республикаялъулаб программаялда рекъон, тадбирал гIуцIулел руго Черкес-озеналъул тIину гIатIид гьабиялъеги, ЦIунтIа районалъул Шагьикь, ЦIумада районалъул Гьигьалъ-гIурухъ ва Гумбет районалъул Гъоркь Инхо росаби цIуниялъе тадбирал. Гьенисан чвахулел гIоразул рагIаллъаби щула гьарулел ругин абуна министрас. Сордо-къоялъ халкколеб буго Терекалъул ва цогидал гIоразул рагIаллъабазда ругел росабазда хадубги.

«Дагмелиоводхоз» ФГБУялъул Управлениялъул нухмалъулев ва МухIамад Юсуповасул баяназда рекъон, лъел балагьалдаса цIуниялъул мурадалда тадбирал гIуцIун руго гидротехникияб 51 объекталда, цIигьабулеб буго каналазул 654,1 километр. «Гьелдалъун рес щола ракьул 190 азарго гектар лъеца гъанкъиялдаса ва ччукIун иналдаса цIунизе. Гьел бакIазда буго 67 росу ва гьениб гIумру гьабула 200 азаргоялдаса цIикIкIун чияс», - ан бицана М. Юсуповас. Хасавюрт, Бабаюрт ва Гъизилюрт районазул росабазул ракьал цIуниялъул мурадалда цIигьабун къачIалеб буго Аксай-Акташ гIоразул рагIаллъабигиян абуна гьес.

ДРялъул бакIал раялъулгун архитектураялъул ва ЖКХялъул министр Салам ХIасайниевас бицана Терек гIурул рагIаллъаби лъим кIанцIиялдаса цIуниялъул мурадалда лъазабураб конкурсалъул хIакъалъулъ. Объекталъул документал хIадуризе ва тасдикъ гьаризе микьго моцI къваригIунинги абуна гьес.

## Интернет-цIогьор тIатана

42 сон барай пуланай чIужугIадан махсараде ккун йиго интернет-сайталдаса базарганас.

Гьениб батараб лъазабиялда рекъон, МахIачхъалаялдаса гIаданалъ бичун босун буго цIулакьо. Жиндихъе цIулакьо бачIиналдего, лъазабиялда батараб номералде, гьелъ рехун буго 36 азарго гъурущги. Амма цIулакьо щун гьечIо.

ДРялъул МВДялъул хIалтIухъабаз базарган ккуна. Гьев ватана Краснодар краялдаса 34 сон барав чи. Гьес бицухъе, гьесул цIулакьо букIинецин букIун гьечIо.



# Улкабазда гьоркьосел бухьенал

Араб анкьалда Дагъистаналде рачIун рукIана Бангладешалъул, Турциялъул, Узбекистаналъул, Мавританиялъул, Пакистаналъул, Малайзиялъул, ГIиракъалъул, Ираналъул ва Казахстаналъул вакилзаби. Каспийскиялда, Azimut парк-отелалда, гьелгун дандчIвана ДРялъул бетIер Сергей Меликов. ДандчIваялда гIахьаллъана республикаялъул министралги. Гьениб бицана туризмалъулги, АПКялъулги, дармилги ва цогидалги бухьенал камил гьариялъул хIакъалъулъ.

ДандчIваялъул байбихьуда ракIалде щвезабуна «Крокус Сити Холлалда» ккараб пашманаб лъугьа-бахъин. Щибаб улкаялъул вакилас нилъер халкъалда зигара бана ва абуна, гьеб къварилъи жидер пачалихъалъги гIахьал гьабулин абун.



Хадуб бицана Дагъистаналъулгун бухьенал щула гьариялъул хIакъалъулъ. Малайзиялъул вакил Чеонг Лун Лаица Дагъистаналъул вакилзаби гьоболлъухъ ахIана.

Ираналъул вакил МохIаммади Казимица загьир гьабуна Тегераналдаги МахIачхъалаялдаги гьоркьоб самолетазул бухьен рагьизе ккелин абураб пикру.

# Багьаби хира гьари рекъараб гьечIо

РФялъул Монополиялде данде къеркьолеб федералияб хъулухъалъул ДРялда бугеб управлениялде хитIаб гьабуна РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Султан ХIамзаевас. Гьелда хъвалеб буго кIалбиччан къоялде кванил нигIматазул багьаби хира гьарулел ругищали халгьабейилан абун.

«ТIаде щолеб буго бусурбабазул аслияб байрамлъун ккoлеб КIалбиччан къо. Дихъе гIемерал гIарзал рачIун руго, гьанахъгун гьанал нигIматазухъ, рахьдахъгун рахьдал нигIматазухъ, пихъазухъгун овощазухъ ва гьуинлъабазухъ багьаби хира гьарун ругин абун. Бегьулеб жо гуро гьеб: бусурбабазда рекъечIеб ишги ккола гьеб», - ан хъвалеб буго Султан ХIамзаевас.

ДРялъул УФАСалъул нухмалъулев Каир Бабаевасухъе битIараб хитIабалда депутатас гьарулеб буго, ахираб моцIалъ багьабазулъ ккарал хиса-басиязул хIасилги гьабун, жамгIияталъе баян кьеян абун.

Гьединго депутатас хитIаб гьабуна Дагъистаналъул парламенталъул спикер Заур Аскендеровасдеги. Гьелда абулеб буго ДРялъул Халкъияб Собраниялъул профилиял комитетаздаги бакIазда ругел депутатаздаги гьебго иш, багьаби хиралъиялъул халгьаби, тIадкъайилан абун.

# Аскариязда бащад гьаруна

Оборонаялъул министерствоялъул аскариязего гIадал бигьалъаби рукIине ккола жидеего бокьун Миллияб гвардиялъул кьеразулъе лъугьарал Россиялъул гражданазегиян лъазабуна федералияб хIукуматалъ.

РФялъул хIукуматалъ тасдикъ гьабураб хIукмуялда рекъон, гьезиеги щибаб моцIалъ кьезе буго рецIалил гIарац. Добровольцазул къокъаялда гъорлъ бараб заман рикIкIине буго цебеккунго пенсиялде ине ихтияр кьолеб страховиябгун хIалтIул стажалда гъорлъ, гьединго, гьеб заман хIисабалде босизе буго херлъиялда яги инвалидлъиялда бан пенсия чIезабулеб мехалдаги. БецIизе буго СВОялда чIварал жидеего бокьун аразул хъизамазухъа коммуналиял хъулухъазухъ босараб гIарацги.

# Солдатазе – генераторал



Луганск республикаялда рагъулаб борч тIубазабулел ва СВОялъул цебесеб кьерда ругел дагъистаниязухъе ритIана дизелалъулал генераторал.

Гьел хIажат ругилан ДРялъул Халкъияб Собраниялда цебе бугеб ГIолилазул парламенталъул депутат ГIабдула Камиловасухъа кумек гьарун букIана нилъер аскарияз.

Гьеб иш жиндаго тIаде босана «Россети Северный Кавказ» ПАОялъул филиаллъун бугеб «Дагъэнергоялъул» нухмалъулев Максим Долголёвас. Гьес кьураб лъабгогун бащдаб миллион гъурщихъ росарал генераторал щвезаризе дагьалъ цеве гьениве ун вукIана ГI. Камилов. Гьел кьуна Луганскиялдаги Донецкиялдаги ругел Дагъистаналдаса аскариязухъе. Щвезабуна гьезие цогидаб къайиги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Бечелъизе букIараб хьул хIорлъана

ГИБДДялъул ДПСалъул полкалъул хIалтIухъанас гIадамазухъа босун букIун буго ункъо миллионгун микьнусазарго гъурщил ришват. ГIарац босулеб букIун буго хехаб заманалда машинаялъул хъвай-хъвагIай гьабиялъухъинги абун.

2023 соналъул май моцIалдаса октябралде щвезегIан, ГИБДДялъул ДПСалъул кIудияв инспекторас, машинаялъул хъвай-хъвагIай гьабуралъухъ, гIадамазухъа босун батун буго гIаммаб куцалда 4,8 млн. гъурущ.

Гьанже гьев чиясда тIад рагьун буго уголовнияб дело. Законалъул тIалабалги хвезарун босараб гIарац, гьесухъа бахъеян ва пачалихъалъухъе тIадбуссинабеян абураб хитIаб гьабун буго прокуратураялъ судалде.

## ХIАЖАТАБ КАЛАМ

# ЦIарги цIваги цIуне Дагъистаналъул

**Кив вугониги, лъикIав чияс миллаталъего лъикIаб цIар босула. Къадарав чияс квешаб цIарги босула. Гьединлъидал, хIурматиял гIолилал, нужго тIад чIараб гъотIол гIаркьел къотIизе лъугьунге. Жакъа Россиялъул цониги шагьар гьечIо нилъер ракьцоял гьечIебги камурабги. Гьезда гьоркьор руго Дагъистаналъул цIар моцIрол борхалъиялда хъварал космонавталги, академикалги, гIалимзабиги, тохтурзабиги, инженералги, педагогалги, гIадатиял хIалтIухъабиги. Гьениб нилъер цониги чияс нахъегIанал, къабихIал ишал гьаруни, гьеб ккола нилъеца нилъерго миллат гIодобегIан гьаби, гьелъул къадру-къимат хвезаби.**

Гьединлъидал гьарула цо хасаб мурадалъе гIоло цеве вахъарав гIабдаласда хадур, гьорол къоялъ чахъаби гIадин, унел гIолилазда, лъималазда кодор рукIунел расанкIабилъун рукIунгеян. Чияр магIица чурарал чорокал кепкахъ яхI-намус бичулелъунги рукIунге, улкаялъул тушбабазе бокьухъеги хьвадуге. ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурал гьалбацIаллъун рукIа. Кибго бахIарчилъиялъги лебаллъиялъги Дагъистаналъул къадру-къимат борхараб нилъер миллаталда тохаб, хашаб цIар лъезе биччаге. Мисал босе жакъа хасаб рагъулаб операциялда ругел нилъерго гIолохъабаздаса. КIочонге мунагьал чураяв, тIолабго дунял жиндир асараз асир гьабурав Расул ХIамзатовасул рагIаби: «Дагъистан Россиялде гъорлъе бокьун бачIинчIо, бокьун нахъеги инаро», - ян абурал.

РачIа нилъерго эбел-инсуе, хъизан-лъималазе, тухум-кьибилалъе, бахIарчияб, чIухIараб миллат-халкъалъе ритIухъаллъунги, божаралльунги, гьелъул цIарги цIваги цIунараллъунги рукIинин.

Гьаб калам гьабиялъе гIиллалъун ккана, Дагъистаналда теракт гьабизе хIадурлъулел рукIарал лъабгоязул цояв дагъистанияв вукIанилан телевидениялдасан лъазабидал. Щиб къиматха гьезие кьелеб, щиб лъикIаб ишха гьезда бихьизе бугеб? Дагъистанги, халкъги, жив вукIин хIакъав, БетIергьанас лъикI хьихьун руго. Цо-цо чиясда гьеб лъикIлъи хIехьезе кIолеб гьечIо. Гьезие бокьун буго щиб гьабунги жалго рихьизаризе, жалги ругин абизе. Гьезда лъалеб гьечIо, жидеца гьарурал квешал, нахъегIанал, къабихIал ишаз Шамил имамасул ватIан Дагъистаналда чIегIераб тIанкI лъолеб букIин. Россиялъул шагьаразда Дагъистаналъул вакилзабаз гьаб хирияб моцIалъ ифтарал гьарун исламияб дин бихьизабулеб буго бищунго ракълилабги гурхIел-рахIмуялъулабги букIин. Теракталгьал гIуцIулез, гьарулез гьеб бихьизабулеб буго лъимал, руччаби батIалъи гьечIого, гьелги чIвалеб, вахIшияб, гурхIел-рахIму гьечIеблъун.

Цебего заман щун буго гьединазда гIелин, чIайин абизе. Аллагьас гIакълуги, лъайги, бичIчIиги кьеги нилъер щивасе, нилъгоги сверухъ ругелги тIекъал, мекъал ишаздаса цIунизеги гьукъизеги.

***Н. АЛМАХЪСКИЙ***

# КӀалбиччан къоялъул «хӀурматалда»

**Ахираб заманалда гӀадамазул гӀемерал гӀарзал руго базаразда, тукабазда багъаби цӀакъго рахинарулел ругин абун. Гьединлъидал пикру ккана цо-цо бакӀазда ругел багъабазул хӀисаб-суал гьабизе.**

## Хасавюрт

«Терек» базаралда ругел багъабазда тӀад кӀалъазе бакӀ гьечӀо, амма гьенирги руго «оптовиялин» абун цӀарги лъун, хирияб багъаялде къайи бичулел цо-цо тукаби. Масала, Хасавюрт районалдаса **ГӀашураца** бицана лъагӀалида жаниб цо нухалда гурони букӀунареб хирияб къоялде къайи хира гьабиялъе гӀилла лъаларин абун.

## Казбек район

**МухӀамад, Дилим росу:**

- Нижер Дилим росулъги буго Хасавюрталъул оптовиял багъабазулго гӀадаб кӀиго тукен - «КӀудил тукен» ва «ЧӀахӀликӀил тукен». Гьенире уна районалъул росабазул гӀадамалги. Гьез киданиги абуларо кӀалдибе бачӀараб багъа. Гьедин букӀиналъе нугӀлъи гьабуна къайи-цӀа босулей



- Бегъулаан гьез дагъабго учуз гьабизе, жидеего кириги букӀине. Гьанирго гӀадал багъаби руго Бабаюрталдехун унеб горсверуда бугеб «Престиж» абураб супермаркеталдаги. ХӀатта цо-цо жо учузгогицин буго, - ян бицана гьелъ.

Гьединабго пикру буго Хасавюрт базаралда дандчӀварай **Асиятилги**:

- Исанаги, кидаго гӀадин, багъаби рахинарун руго. ХӀайваналъул гьанал килограмм буго 500-550 гъурщиде, гӀиял гьанал - 700-750 гъурщиде. Цо гӀанкӀудал багъа - 550-750 гъурущ. Амма ханазул багъа, гӀажаиблъи, учузлъун буго.

Дунгоги щвана «Престиж» тукаде ва рихьана гьенир ругел багъаби. Чанго жоги данде ккун балагьидал, хӀакъикъаталдаги буго гьениб рекъараб багъа.

## Гъизляр

**АхӀмад, тукадул хважаин:**

- Дица тукаде къайи босулеб складалда багъаби хира гьарун гьечӀо. Дир тукада букӀуна магӀишаталъе къваригӀунеб къайи, конфеталгун печеньяби, гӀеч-гени ва ретӀел-хьит. Араб соналъго гӀадал багъаби руго къайи босулеб Хасавюрт,



ятарай **СайихӀатицаги**:

- Дида гьаниб гӀемер батӀалъиго бихьичӀо Хасавюрталда ругел багъабаздаса. Бищун гӀемер лъуни 5-10 гъурущ буго гьаб тукада тӀаде бачӀараб багъа. Нижее, Хасавюрталде иналдаса гьанире ун босиго бигьалъула.



МахӀачхъала шагьаразул складаздаги. Гьениса тукабазде бичизе къайи босараз жидеего бокьухъе багъаги тӀад лъун бичиларищха. Амма дирго ният буго, цогидаз бичулелдаса дагьаб учузго бичизе. Хасавюрт шагьаралъул «Терек» базаралда ругел багъабаздасаги учузго бичула дица къайи, хирияб моцӀалъул хӀурматги гьабун.

## МахӀачхъала, ЦӀумадисезул базар:

**Жамиля:**

- Гьаб базаралда цӀакъго гьаваялде ун руго багъаби. Масала, цо килограмм цӀолбохъ ахӀулеб буго 1000 гъурущ гӀечӀеб жо. Гени - 300 гъурущ, гӀеч - 150-160 гъурущ. Гьаб щиб, хирияб моцӀалъ гьадинал жал гьаризе бегьулищ?

**СубхӀанат:**

- Дица гьаниса кӀалккун моцӀалъул байбихьудаго босараб пихъил багъаялде данде ккуни, хира гьабун буго. Бегьулеб букӀинчӀищ цебе букӀарабго багъаялде бичизе? Босизе кӀвеледухъ тун гьечӀо Аллагьас гьарзаго кьун бугеб нигӀмат.

## Хунзахъ

**Ислам, ярмаркаялъул гӀахьалчи:**

- Гьал къоязда Хунзахъ росулъ тӀобитӀана кванил нигӀматазул ярмарка. Аслияб къагӀидаялъ гьениб букӀана гьан, рахь, хӀан, картошка, ламадур ва гьединго гьоцӀдерил росдал сокал. Гьан бичулеб букӀана лъикӀаб багъаялде. Масала, гӀиял гьанал кило 550 гъурщиде, 650 гъурщиде букӀараб чӀегӀербоцӀул гьанал кило 450 гъурщиде, хӀатта ярмаркаялъул ахиралде 400-ялдецин кьолеб букӀана.

Рахь, щар, хӀан букӀана учузго. Гьенир гӀахьаллъараз баркала кьолеб букӀана ярмарка тӀобитӀизе квербакъаразе. Хунз цӀакъ рази хутӀана гьаб хирияб моцӀалъ гьабураб ярмаркаялдаса ва гӀодорегӀанал багъабаздаса.

Гьайгьай, рохь гӀадин гӀарац бугезда гьеб кинабго бичӀчӀулебги унтулебги батиларо. Амма пенсиялъулги харжалъулги бадире ралагьун ругез щиб гьабизе кколеб? Бокьилаан тӀадал идарабазул хӀалтӀухъабаз хал-шалги гьабун, багъаби рахинаруразе букӀине кколеб тамихӀ гьабуни.

*Рукъият ГӀАЛИСУЛТАНОВА*

## Воре, рорхе, багъаби

Воре, даранчагӀи, рорхе багъаби,
Хирияб моцӀалъул ахир щун бугин.
ХъантӀан хира гьабе конфет-шоколад,
КӀалбиччан къоялде кири цӀикӀкӀине.

ГӀи-боцӀи гӀемераб Дагъистаналда,
Азариде баче гьанал килограмм.
ПастӀаби гьарзаяб гӀатӀиракьалда,
Помидор, ражи-пер борце меседалъ.

КӀал биххизе щведал, чайгун кваназе,
Учузал пирогал лъица росилел?
Лъималазе кьезе «Аленкабазда»
Жакъаго кӀибагъа лъуни бегьила.

Рамазан моцӀалъул кӀал къабуллъизе
КӀвараб жо бахъеха бусурбабахъа.
Нижер таравихӀал суннат бугелъул,
Багъаби хиралъи нужер парзлъидал.

Учузалъул къимат букӀунарелъул,
Хираго бичун те кири цӀикӀкӀине.
ГӀисинлъималазул сумка, пакеталъ,
Алжан рагьиларищ даранчагӀазе!

Вай, къосараб агьлу, бакъараб уммат,
Ахират букӀунеб кӀочонищ тараб?
СиратӀалъул кьотӀа нужер Жипаца
Авари гьабила мискинхалкъ хьандон!

*ХасмухӀамад МУСЛИМОВ*

# КIалбиччаялъул гIид - гIаламалъего рохел

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Щивасул рекIелъ хутIун батула жидерго талихIаб, аваданлъи цIикIкIараб кIалбиччанкъо. Щивасул рокъор хъизамалдасанго рахъарал сахIалги росун, гIелбащадалгун цадахъ, маркIачIул какдаса хадур гьел рикьизе хьвадиги букIунаан байрамалъул цо бутIалъун. КIалбиччан къоялъ ретIинеян цебеккунго хIадурун тараб цIияб яги берцинаб ретIел. ЦIияб горде яги гьеб босизе рес гьечIони, щватаби рукIунаан гIидалъул къоялда къватIире рахъизеян тун. Доб мехалда пикруго гьабулароан кIалбиччан къоялъ гьабулеб щибаб жо нилъеца свалат-салам лъеяв аварагасул суннаталда нахърилълъун гьабулеб букIин. МухIаммад аварагасул суннатлъун ккола кIалбиччан къоялъ берцинаб яги цIияб ретIел ретIун къачIай, черх бацIцIад гьаби, рокъор гьуинал махIал гьари, гIидалъул как базе иналде кинаб букIаниги нигIмат кванай, рохел загьир гьаби, сивак бахъи, сахIал кьей, гIидалъул как бай, цоцазухъе рокъоре швей ва кIалал къабул гьарегиян барки, садакъа бикьи.

Абу СагIид аль-Худрияс абун буго: «Цо нухалда гIидалъул къоялъ МухIаммад авараг вачIана гIидалъул какде. Какдаса хадуб гьес гьенир рукIарал бихьиназде хитIаб гьабуна: «Я, гIадамал, садакъа гьабе», - ян. Хадув гьев ана руччаби ругеб рахъалде ва гьездаги абуна: «Я, руччаби, садакъа бикье, жужахIалде унезул цIикIкIарасеб бутIа руччаби рихьана дида», - ян. (Бухари)

КIалбиччан къо нилъее лъугьун буго гIицIго парзазул цояб тIубаялдаса рохел загьир гьабилъун гуребги, цохIо къоялъгIаги нилъерго унго-унгояб ВатIаналде, гIагарлъиялъухъе щолеб къолъун. ГIидалъул къоялъгIаги рихьичIони, кинабго гIагарлъи данде бакIарун кинха бихьилеб цоцазде регIулареб гьаб заманалда.

Нилъеца цо-цо гIадатал гъорлъ журазаруниги, кIалбиччан къоялъул гIид рохалида кIодо гьаби буго свалат-салам лъеяв аварагасул суннат. Гьединго жинда жаниб гIибадат цIикIкIинабизе хирияб къоги буго кIал биччалелде цебесеб КIудияб сордо. ГIидалъул сордо чIаго гьабизе лъикIаб буго гIибадат гьабиялдалъун. ГIемерисел руччабазин абуни гьеб сордо  столал къачIан байрамалде хIадурлъулаго борчIулеб буго.



Квеш ккараб жо буго гIибадаталда тIоритIизе бегьулел рамазаналъул ахирисел къоял кIалбиччанкъоялда бикьизе къваригIелго гьечIеб чIорто-къехь босизе базаралде хьвади нилъеда тезе кIолеб гьечIолъи. Гьеб бихьула щибаб соналда, рамазаналъул ахирисел къоязда базаразда букIунеб хIалкъаялъулъ. Гьединго тIубараб моцIалъ Аллагьасе гIибадат гьабулелинги рукIун, кIалбиччанкъоялде кIиго багьаги тIаде бахъун кванил нигIматал ричулел базаргабиги ричIчIуларо. Щибаб соналда имамзабаз вагIзаби гьарула гIидалъул къоялде нигIматал хира гьаругеян абун, амма ричарухъаби таравихIалде яги рузманалде щоларищан лъаларо, кигIан вагIзаби гьаруниги, гьез жидерго ругьунаб гIамал толаро.

Имам Гъазалияс хъвалеб буго: «Аллагьасе Жиндирго вокьулев лагъ лъикIал ишал гьаризе гьесизавула хириял къоязда, гьесие кири цIикIкIине гIоло. Нагагь Аллагьасе лагъ вокьулев гьечIони, гьев мунагьал гьариялде гьетIизавула, гьел мунагьазухъ цIакъ кьварараб гIадлу гьабизе гIоло. Лагъасде рокьи яги рокьукълъи бараб буго гьес цебеккун гьабулеб букIараб гIамалалда».



Абула рамазан моцIалъул байбихьи - рахIму, бакьулъе щвей – мунагьал чури, ахир – жужахIалъул цIаялдаса хвасарлъи кколин. Щивав бусурбанчияс жиндирго яхIалда рекъон хIаракат бахъана Аллагьасда цере цIикIкIун лъикIал гIамалал гьаризеги гIадамазда гьоркьоб гьуинлъи цIунизеги. Азарго моцIидаса лъикIаблъун рикIкIунеб Лайлатул къадриялъул сордо жаниб бахчарал рамазаналъул ахирисел къоялги гIибадаталда рорчIана цо-цояз. Киназулго гьабураб гIибадат, садакъа, лъикIал ишал къабул гьареги Аллагьас.

Рамазан ккола бусурбанчиясул тIабигIат-гIамал лъикIаб рахъалде хисулеб ва Аллагьас Жиндирго лагъзадеридехун рахIмуялдалъун ралагьулеб моцI. ГIемераб лъикIлъи гьабуна, садакъа бикьана, ифтарал тIоритIана гьеб хирияб моцIалъ Дагъистаналда. Гьелъул магIна кколаро гIицIго кIалккун моцIалъ гьабизе тIадаб бугин лъикIаб гIамалги садакъагиян абураб. Рамазан моцI буго нилъ напс къинабизе ва лъикIаб гIамалалде ругьунлъизе кьураб заман. Рамазан лъугIун хадур бокьа-бокьараб гьабулел руготни, моцIица гьабураб гIибадаталъул хIасил кколеб гьечIо гурищ. Гьединал гIадамал релълъуна тIубараб моцIалъ хьухьун гьабураб гурде, тIадго ретIинчIого цIидаса кварги бичун гIомо гьабурай гIаданалда. ХIадисалда бицухъе, нилъеда Рамазан моцIалъул тIолабго къимат лъалеб букIарабани, лъагIалицаго гьеб халатбахъине бокьилаан букIараб. Рамазаналъ гьарурал лъикIал гIамалазде ругьунлъаги нилъ ва тIасияб соналъул кIалккун моцI бачIинегIан рекIелъ хутIаги гьелъул асар. Аллагьас къабул гьареги ккурал кIалалги, гьабураб гIибадатги дугIаги.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА,***
***макъала хъвалаго пайда босана «ИсламДАГ» сайталдаса***

# Бусурбаби цолъизарулел тадбирал

**КIалккун моцIалъул ахирисел къоял нухарегIана 6 апрелалда Дербенталда республикаялъулаб гIаммаб ифтар тIобитIиялдалъун. 10 000 чи гIахьаллъараб гьеб тадбир тIобитIана ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул ва муфтияталъул квербакъиялдалъун. Республикаялъул бетIерас гьенире ахIун рукIана гьал къоязда Дагъистаналде рачIун рукIарал бусурбабазул ичIго пачалихъалдаса гьалбал ва Палестинаялдаса рачIун республикаялда гIумру гьабун ругел.**



Гьениб гIумраялде ине анлъго ва «Умра-хадж» проекталъул рахъалдаса цо путевка бергьана, ахIана нашидал. 4-5 апрелалда Дербенталда тIобитIараб бищунго лъикI Къуръан цIалулезда гьоркьоб къецалда бергьаразе сайгъаталги кьуна. Къецалда бергьарав хIафиз Адам Чергизовасе сайгъат гьабуна Lada Granta автомобиль.

«ЛъикIал ишал гьаризе цоцаздаса цере ккезе яхI бахъе», - ян абуна ифтаралде рачIаразде хитIаб гьабулаго С. Меликовас ва тIаде щолеб байрам баркана.

Хадуб гьес тIадегIанаб къимат кьуна муфтияталъ гьабулеб хIалтIуеги.

«Жакъа нилъеца гIумру гьабулеб буго гIадатияб гуреб заманалда. Рокъор гIодорги рукIун телефоналъул кумекалдалъун лъалеб буго дунялалдаго лъугьа-бахъунеб. Гьениса щолеб информациялъул гIемерлъиялъ гIемерисел гьелъул пикру гьабизеги гьелда тIад ургъизеги регIулел гьечIо. ГIадамазул ракIал хъарцинлъулел, сунде бугониги кIвар гьечIеллъун лъугьунел руго. Гьединал гIунгутIабазе дарулъун лъугьине бегьула жакъа гIадинал данделъаби. Гьадинал дандчIваял тIоритIула муфтияталъ улкаялдаго, гьединго щола СВОялда ругезухъе. Жакъа гьанир руго къватIисел улкабаздаса рачIаралги. Гьелгун цадахъ хIалтIиялъ пайда щвела республикаялъе», - ян абуна муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевас.

* * *

ДРялъул муфтияталъул вакилзабаз улкаялъулго батIи-батIиял шагьаразда ифтарал гIуцIана. Оренбург, Йошкар-Ола, Ульяновск, Пермь, Самара, Челябинск ва цогидалги шагьаразда, гьединго бусурбабазул цогидал республикабазда ругел дагъистаниял данде гьарулел рукIана гIаммал ифтаразде ва республикаялъул гIалимзабазул вагIзанасихIаталъухъ гIенеккизе.

Дагьаб цебегIан Россиялъул халкъазул цолъиялъул ифтар тIобитIана Казаналда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналдаса, Чачаналдаса ва цогидалги регионаздаса гIадамаз.

Рамазан моцI байбихьарабго «Инсан» гурхIел-рахIмуялъул фондалъ лъазабун букIана «ЛъикIлъиялъул къокъа» абураб марафонги. Гьелда рекъон, тIубараб моцIалъ лъале-хъвалел яги цоцазда лъазего лъаларелгицин, цадахъ къокъабиги гьарун, телефоналдаса «Инсаналъул» приложениялдеги лъугьун унтаразе, ресукъазе, къварилъи ккаразе садакъа гьабулел рукIана. Киназулго ифтарал, гьабураб садакъа къабул гьабеги Аллагьас.

***П. СУЛТIАНОВА***

# «МагIарулалдаса» магIарулай

**Амма къисматалъул къварилъабазда**
**КIвечIо, магIарулай, мун къезайизе,**
**Къваридал гIумрудул согIал ругъналъги**
**МагIарул берцинлъи цIунана дуца…**
***Майсарат САЙПУДИНОВА***

## ЦохIо жиндиего хасаб рокьигун

Щибаб хъизан мустахIикъаб буго тIадегIанаб рецц-бакъалъе. Щибаб хъизамалъ тола ракьалда цохIо жиндиего хасаб лъалкI. ЦохIо жиндиего хасаб рокьиги букIуна гьелъул, гьединабго хинлъиги. Къисматги щибалъул – батIи-батIияб. Исанасеб сон Хъизамалъул лъагIеллъун лъазабун бугелъул, бокьула хъвазе хъизамазул хIакъалъулъги. Амма цIакъго гъира ккола гIадатиял хъизамазул хIакъалъулъ хъвазе. Машгьурал хъизамазул гIемер хъвала, амма жакъасеб гьитIинабго дирго макъала сайгъат гьабизе бокьун буго Хунзахъ районалъул БакьайчIи росулъа, гьабсагIаталда МахIачхъалаялда гIумру гьабун йигей Умайгьанат МухIамадовалъеги гьелъул хъизамалъеги.

Умайгьанатилгун дир лъай-хъвай ккаралдаса ана гIуралго сонал. Гьей хIалтIулей йиго республикаялъул «МагIарулай» журналалда корректорлъун. «ХIакъикъат» газеталда хIалтIулей йикIарай дун гIемер яхунаан анцIабилеб тIалаялда бугеб «МагIарулай» журналалъул редакциялде доб мехалда журналалъе редакторлъи гьабулей йикIарай Хунзахъа Пайзатихъе. Ва гьений ятулаан дида Умайгьанатги. Чан нухалда тIаде щваниги, йилълъарайищха нижехъейиланги абун, гьимулаан гьей. Дида жеги йихьичIо пашманай Умайгьанат.



У. МухIамадова «МагIарулай» журналалъул коллективгун тIоцебесеб кьерда квараниса ункъабилей

Чанги рукIуна чIужугIаданалъул къваридал пикрабаз къвал барал лахIзатал. РукIунел ратиларищха гьел Умайгьанатилги. Амма гьелъ киданиги хIал лъазе течIо. РекIел тIинда бахчун чIараб пашманлъиялда тIасан галиги тIамун, чанги къватIибехун борчIун батула гьелъул гьими, сверухълъиялъеги сверухълъиялда ругел гIадамазеги салам кьезе.

## БацIцIадабгун роцIараб гьимиялъухъ гьоболлъухъ

Гьеле гьеб бацIцIадаб гьимиялъ ячунги ятила дун Умайгьанатихъе.

*- Бицеха гьанже, Ума, дурго, хIакъалъулъ. Киса дуе щвараб гьедигIан недегьаб ва хIеренаб гьими. Жакъа дун гьоболлъухъ ячIун духъеги дур гьимиялъухъеги,* - йилан дица абидалги гьимун йиччан тана Ума.

*- Вай, дир бицине жого гьечIогури, кIудияб цIала-къалиги гьечIони, гьединабго кIудияб хъулухъги гьечIони, дун гIадай гIадатияй гIаданалъ щибха бицинеб,* - илан ургъалилъе ккана Ума.

Кин бугониги, дица гьей мукIур гьаюна, дие гIадатияб хъизамалъул хIакъалъулъ хъвазе бокьун бугиланги абун.

- Гьаюна ва гIуна Умайгьанат МухIамадова, хунздерил тIалъуде рахунаго, нилъее саламгун



данде бачIунеб БакьайчIи росулъ. ГIагараб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьелда ракIалде ккола МахIачхъалаялде цIализе ине. Эменгун цадахъ тахшагьаралде ячIуна Ума. Гьелъие бокьун букIана ДГУялъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде лъугьине. Гьеб кинабго дандбазе, ясги ячун, МухIамад Фазу ГIалиевалъухъе уна. Гьей кколаан гьезул гIагарай гIадан.

Бицунеб хабарги гьоркьоб кьотIизабун, Умаца абуна Фазуца жиндирго романазулъ рехсолев ГIумардада кколила жиндир инсул эбелалъул эменилан. Фазуейин абуни, гьев кколев вукIун вуго инсул имгIал.

> РекIел тIинда бахчун чIараб пашманлъиялда тIасан галиги тIамун, чанги къватIибехун борчIун батула гьелъул гьими, сверухълъиялъеги сверухълъиялда ругел гIадамазеги салам кьезе.

*- Инсуца Фазул цIар бахъидал, дун рахIат хун лъугьана. Дун гIадай росулъ гIурай гIолилайги ячун, эмен гьелъухъе иналдагицин тамашалъизе бачIун букIана. Бицанаха инсуца мурад, нечон холей дунги йикIана. Гьениб сордоги бана нижеца. РогьинегIан макьугицин щварабищалиги лъаларо. Вай, унго-унгоги Фазулъуйищха дун йигей, - илан зама-заманалдасан ракIалдеги кколеб букIана. Амма дида доб мехалда лъалеб букIарабани дие цIакъго тIадегIанайлъун йикIарай Фазуда аскIоб дица гIурал санал разе ругеблъи…*

## Фазул дарсаз куцараб гIумруялде рокьигун

*Жиндирго къисматалъул цIиял тIанчал Умаца цере рахъидал, гьений дида ятана йокьулей шагIир Фазу ГIалиеваги. Дида лъана цIияй Фазу.*

*Дие бокьун букIараб факультеталде лъугьине санагIалъи ккечIо,* - ян нахъойги байбихьана Умаца хабар. Фазул кумекалдалъун лъугьана университеталъул экономикияб факультеталде. Ва тохлъукьего гьелъ инсуда абуна яс жинда аскIой тезе кколилан. Дун йихха-хочана. Гьелда цебе инкар гьабизе кIвечIониги, рокъоре щведал, лъикI гIодана кинин дица гIумру гьабулеб чIухIарай Фазуда аскIобилан.

Инсуца дие хIеренго жаваб кьуна:

*- Фазу йиго нилъер тухумалдаго кверчIвалей гIадан. Гьелъ киназего гьабуна жиндихъа бажарабщинаб кумек. Нилъееги гьабуна. Гьанже кинха дица гьелъие инкар гьабилеб? Нилъ цIидасанги тIадруссун рилълъина, дуца гьениб базе буго анкь. Анкьидасан эбелги дунги рачIина духъе щвезе. Нагагь дуе гьелда аскIоб бокьичIони, мун нижеца нахъе ячине йиго,* - ян.

*РачIанаха цIараб заманалда гьел дихъе щвезе. Гьел хIикмалъун хутIана, гьенийго гIурай гIадин дун ятидал...*

*Унго-унгоги, Фазу ятана цIакъго гIадатияй гIадан. Гьелъго батила нижер рагIиги дандеккараб. Эбел-эменги разиго тIадруссун ана. Фазуда аскIой йигебгIан заманалда, къойил щвана дие гьелдаса гIумруялъул дарсал. Гьелъ киданиги абулароан гьаб-доб гьадин-додин гьабизе кколилан, жиндирго мисалалдалъун цIакъ гIакъилго бихьизабулаан, бичIчIизабулаан.*

*Фазуе цIакъ бокьулаан миллияб хаслъи жиндилъ бугеб къачIа-кIатIай. Гьелъул рукIанщинал миллиял тIагIелалги лъаларищха нилъеда. Къойил гIадин, батIи-батIиял ралаан. Дун къачIазеги бокьулаан гьелъие. Берталъе яги цогидал рохалил тадбиразде унелъул, дихъеги кьолаан гьелъ жиндирго курхьин, кIилкIал, баргъичал разе. Цо-цо мехалда ралароан дица, Фазул рукIин лъаларищила гьал киназдагойилан кколаан дида.*

*Фазу хутIана дие кIиабилей эбеллъун. МагIарухъ ПатIимат эбелалъ малъанщинабги кьураб тарбияги дагьабги лъадарана дица Фазул гъанситохъ. Гьелъул рос Мусаги вукIана цIакъго цIакъ гIадатияв инсан. Гьесул инсулаб бербалагьиялъги Жамбулатил вацасулаб гIадаб гьоркьоблъиялъги жакъаги гьабула дие гIажаибаб асар.*

*Дун росасе унеб мехалъги, дир гьудуллъунха Фазу йикIарай*, - иланги абун, жиндирабго гьимиги гьабун, цо дагьалъ лъалхъана Ума гьаб нухалдаги.

## Хъизан - гIумрудул аслу

ГIуцIана Умацаги цIияб хъизан. Бакана гьелъги цIияб гъасда цIияб цIа. ГIумруялъул гьудул СагIидгун цадахъ гьелъ байбихьи лъуна цIияб хъизамалъул балъголъабазул цIураб дунялалде. Кинавха ватарав гьелда СагIид. Унго-унгояв магIарулав, жиндирго рагIиги, пикруги, ритIухълъиги бугев. МагIаруллъиялъул согIлъиялъги гIамал лъадарарав. ТIокIлъигун лъугIизабуна гьес росдал магIишаталъул институт. ГIемерал соназ хIалтIана жиндиего щвараб махщалида рекъон. Сахлъи дагьа-макъабго загIиплъиялда бан, гьабсагIаталда рокъов хIалхьиялда вуго. КучIдулги хъвала СагIидица. БакьайчIи росу бечедаб буго шагIирзабаздалъун. Гьезул сияхIалда СагIидги вуго. Гьесул кучIдул чанго нухалда рахъана «ХIакъикъат» газеталда ва «Гьудуллъи» журналалда.

Умацаги СагIидицаги, лъикIаб тарбия кьун, гIезаруна вас ГIабдулбасир ва яс ШугIайнат. ГIабдулбасирица тIокIлъиялда лъугIизабуна политехникияб институт. Яс ШугIайнатги ккола медсестра. ГIедегIула Умайгьанат бокьулеб хIалтIудеги гIагараб коллективалъухъеги. Гьединго гIедегIула гьей рокъоеги, жиндихъ балагьун чIараб талихIалъухъе.

ГIадатияб талихIаб хъизан. Щибха гьарилеб гьеб хъизамалъе? Гьанситохъ бакараб цIадуе даимаб гвангъи.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# КIалбиччан къоялъул рохел



Ума МухIамадовалъул сурат

РогьинегIан яхI гьабизе кIоларого йикIана гьитIинай Сидрат. Гьей чанго нухалда тIадегицин яхъана. СагIтихъ ялагьана. Гьелъул букIана кIудияб рохел – жакъа буго КIалбиччанкъоялъул байрам. Гъоркьисала букIараб байрамалда санагIалъи ккун букIинчIо Сидратие ясазда цадахъ тиризе ине – эбелги больницаялде ккун, гьитIинав вацасда аскIой рокъой чIезе ккана гьей. ХъахIлъи барабго, гIедегIана Сидрат гьудулзабазухъе. Гьел жеги тIадецин рахъунги ратичIо. Раисатицаги Сиядатицаги партал ретIун бахъинегIанцин чIезе кIоларого йикIана гьей. Лъабайго гьудул, цоцазул квералги ккун, рахъана къватIире. «Ккураб кIал къабул гьабун батаги!», - йиланги ахIулаго, щивасул азбаралъуре лъугьунел рукIана гьел. Амма кIиго-лъабго сагIаталдасан Сидрат ракIкъварилъун лъугьана. Гьелда бичIчIулеб букIинчIо щай кIияйго гьудул, азбаралъуй жийги тун, жанире ахIулел рукIаралали, ва гьелдаго цадахъ гьезул къучIби цIолел рихьидалги. Сидратие пряникал-конфетал кьолеб мехалда, гьелъул гьудулзабазе кьолел сайгъатал рукIана батIиял.

ГьитIинай Сидратида щибха лъалеб букIараб гъол гIадамал Сиядатилги Раисатилги гIагарал кколеллъи. Сидратиеги рокьун рукIана одеколон яги духидал шушби, берцинаб кагъат тIад бугеб сапун, гъалазда ралел заколкаби, шарфал-косынкаби, ай, гьудулзабазе щваралщинал сайгъатал жиндиегоги щвезе.

Чияр росулъа ячIарай гьелъул баба Асма школалда хIалтIулей йикIана. Гьелъго батила Сидратидаги росулъ ругелщинал гIадамал жиндирго гIагаралилан кколел рукIараб. Свак чучизе гIодор чIараб бакIалда ясаз Сидратил къвачIиниб щиб бугебали халгьабуна: печеньяби, конфетал, пряникал, чакаралъул кескал… Цинги гьел жидерабго «учу-чу» гьабизе лъугьана. РукIаралъур гьудулзабиги тун, Сидрат рокъое лъутана. Гьелъул къвачIа бихьидал, Асмада кинабго бичIчIана. Гьелда Сидрат кин рокъое ячIине йигеяли моцIалъ цебего лъалебги букIана, амма бокьун букIинчIо яс къварид гьайизе. ГIемер гIодун, кьижун ккарай Сидрат йорчIилалде, Асмаца, батIи-батIиял сайгъаталги лъун, цIезабуна ясалъул къвачIа. Цинги, гьелда аскIойги егун, кьижун ккана. Гьей йорчIана, ясалъ кIаркьада убач гьабидал. Жиндирго гьитIинал кверaз бабаги каранде къан, гIекI-гIекIиялда гIодун йиччан тана гьитIинай Сидрат.

- Мун йиго дунялалдаго бищунго лъикIай ва берцинай баба, - йилан такрар гьабулеб букIана гьелъ. Ясалда тIад кверaлги рахъулаго, гIодулей йикIана Асмаги.

КIалбиччанкъоялъ рохел биларай гьитIинай Сидрат гIодулей йикIана, щай гьедин ккарабалиги бичIчIуларого. Асма гIодулей йикIана, щай гьедин ккарабалиги бичIчIун. ГIадада гурелъулха умумуз абулеб букIараб:

- Пайда щибха, гьаб чиякълъи, речIчIун туманкIгун, чIвазе бегьулареб мехалда, - йилан.

## Лирикиял накъищал

# Рокьул роцен

Гьалеха исанаги тIаде щвана бусурбабазе хирияб КIалбиччанкъоялъул байрам. Гьеб тIаде щвеялдаго цадахъ цIидасанги пикраби роржуна лъимерлъиялъул хIикматаб дунялалде. Доб мехалда, гьанже гIадин, берци-берцинал пакеталги рукIунароан, хас гьабун гьеб байрамалъе рукъизарурал сумкаби рукIунаан гIемерисезул. Гьеб сумкаялда берчIвайдал, дида рагIизе лъугьуна гьитIинай дирго гьаракь, ккураб кIал къабул гьабун батагиян ахIулеб. Гьанже гIадин гIодоркъоялги рукIунароан. Школалде иналде, росу тирун бахъине кколеб букIана. Цинги – школалде, щварал сайгъатазул бицине ирга щоларого рукIунаан. Ясаз бицунелъухъ гIенеккидал, диеги бокьулаан ецсардизе. Цо нухалда гьедин ургъун бахъараб гаргадулей ясикIоги букIана дир. Лъаларо щаялиги, дидаги кисан бугониги рагIун букIун батилаха, гIажаибаб цIарги кьун букIана дица гьеб ясикIоялъе – Марсианка. Лъица кьурабилан ясаца гьикъидал, дирго ункъачол цIар абун букIана дица. Дой хIалтIулей йикIана росдал советалъул председательлъун. Диегоцин щун букIинчIелъул ясикIо. Дида ракIалдецин ккун букIинчIо ясал долъухъе ясикIоялда хадур инилан абун. Бихьулищха, дидаса балъго ун руго гьел жидееги рокьун ругин председатель Хъандулалъул ясикIабийилан абун. Йихха-хочун йигоха гьей, гьезего гьечIел ясикIабиги, щибдай гьабилебилан абун. Росдал председателалъул росулъ ругелщинал ясал гIагарал рукIине кколин абун буго гьез, Шамайие кьураб ясикIо жидееги бокьун бугилан чIун руго.

Гьелъ нухарегIун руго ясал, бакъанидехун рачIайиланги абун. Ва жийго ун йиго Хунзахъ-Хъаладухъе, ясикIаби ралагьизе. ГIурабго харжги тIад хвезабун, юссун йиго ункъачо. АнцIабго ясикIо кьуна гьелъ анцIайго ясалъе. Ва анцIила цоабилеб – жакъаги дица цIунун бугеб хIикматго берцинаб цIаралъул ясикIо.

Бищунго кIудиябги къиматабги сайгъатлъун доб мехалда нижеца рикIкIунаан корохъ режарал ролъул ханждал гьуинал хIункъби. Гьел тIаса къачIанги рукIунел рукIараб куц, цIулакьоялъ, гургинал конфетаз ва цогидалги нигIматаз. ЦIакъ берцинал накъищалги рукIунаан гьелда тIад. Гьезул букIунеб букIараб тIагIамги…

Конфетал ва цогидаб гьуинлъиги рокъорги щолел рукIун ратиларищха, амма цадахъ бакIарун щвараб гьелда букIунеб букIараб батIияб тIагIам. Лъимерлъиялъул тIагIам, даим нилъер гIумруялда накъищал угьулеб букIине бугеб. ГIумруялде бугеб нилъер рокьиги байбихьулеб батила лъимерлъиялъул гьадинал ракIалдещвеяздасан. Лъимерлъиялде бугеб рокьул роцен сунцадай борцунеб. Жакъа дир гIадал ракIалдещвеял рукIуна щивасул. Ва гьелъулъ батила доб роценги – нилъер ракIазулъ рукъ ккун чIарал лъимерлъиялъул ракIалдещвеязулъ.

Нилъедаса рикIкIалъулеб букIараб лъимерлъи, санал ран, нилъ кIодолъанагIан, нилъеда гIагарлъулеб батула, нилъ гьелъухъе гIедегIула, гьеб нилъеде данде гIедегIула, ракIалдещвеязул хулжалги цIун. Гьале жакъаги, нахъе цIунун бугеб дирго «гьуинаб таргьаги босун», пикрабалъ гIедегIулей йиго росуцоязда кIалал къабул гьаризе. Бокьун буго щивасул азбаралде щвезе, цадахъ дирго гьудулзабиги рачун. Лъала гьезул щивас дун къабул гьайизе йикIин, карандеги къан, лъикI юссарай дир ясилан абун, жаниехун ячине йикIин.

**_Шамай ХЪАЗАНБИЕВА_**

## Космонавтикаялъул къоялде

# Шамил ГIалиевасул гIумруялъул дарсал

**Шамил ГIалиев. Россиялъул космонавтикаялъул академиялъул академик. Машгьураб буго гIалимчиясул цIар улкаялдаго. Россиялъул космонавктика цебетIезабиялъулъ гьес лъураб бутIа кIудияб буго. Бокьула гьесухъ гIенеккизе, гьес бицаралъул, абуралъул хIисаб гьабизе, гьелда тIад ургъизе. Тадбиразде ахIарал бакIаздаги дица гIемер бицуна дир росуцояв Шамил ГIалиевас гьадин абулилан:**



*- ГIемерал трибунабаздасан кIалъана дун батIи-батIиял пачалихъаздаги, Россиялдаги, Дагъистаналдаги. Амма бищунго захIматаб цевевахъинлъун дие жакъа къоялъги буго гIагараб росдал гIадамазда кIалъазе, гьезие хабар бицине. Гьеллъидал кколел дир гIумруялъул аслиял диванчагIи. Киндай дун гьез къабул гьавилев? Щибдай дида гьез абилеб? Гьезие хабар бицунелъулги, росуцоязул бераз рахIат толаро дие. Гьел бераз бицуна дие гьезул разилъиялъулги разилъунгутIиялъулги. Дир гIумруялъул аслияб магIнаги ккола дица гIагараллъун рикIкIунез дунги гIагар гьави.*

Гьалдасан бичIчIулеб гьечIищха гIалимчиясул пикрабазул гъварилъи. Гьесухъе щведал, гьес бицаралдаса диего росарал гьесул дарсазул нужееги бицине бокьун буго:

1) Дие бокьун буго щивав чиясда бичIчIизе ва лъазе щай жиндие гьабулеб бугеб яги цогидаб иш къваригIун бугебали. Бокьун буго нужедаги бичIчIизе, гьеб кинабго бичIчIун хадуб, рекIелъ рещтIунеб рохалил асар - дуцаго дуего кьолел суалал ва гьезие дудаго ратулел жавабал.

2) Дуда цо щиб бугониги лъалеб ва дуца гьелъул хIакъалъулъ цогидазеги бицунеб бугони, гьезда гьебги бичIчIулеб бугони, гьелъул магIна ккола гьеб дудаги бичIчIулеб бугин абураб.

3) ГIурус рагIабазул лъабго «в»- вера, воля, выбор. Гьел ккола нилъер рухIияб хIаракатчилъиялъул аслулъун.

4) Ракьалда гIемерал санал ранагIан, дие рокьулел руго лъималги херал чагIиги. Гьанже цIикIкIун хараби рокьула.

5) Инсан киданиги вукIунаро жиндиего бокьараб хIалалда талихIавлъунги жинцаго рикIкIунев гIадав талихIкъаравлъунги.

6) Кибго, кидаго, бокьараб заманалда кинабго гьабизе лъазе ва бажаризе ккола.

7) ГIелмуялъул тарихалда бищунго кIвар бугеблъун ккола пикраби церетIеялъул тарих. Пикрабазул гIелги заманги букIунаро.

8) Студентазда, аспирантазда, ай гIелмуялда тIадчIаразда киданиги ракIалде ккезе бегьуларо кигIан кIудияб машгьурлъиялъул гIалимчиги жидедаса тIадегIанав вугилан.

9) Щиб жо кколеб талихI. ТалихI ккола киналдего нилъ хIадурго рукIин.

10) ЦIалдохъабигун, студенталгун дандчIвазе унелъул, дун рахIатхун лъугьуна. Сундасан байбихьилебали лъаларого хутIула. РакIчIун нилъеда лъаларел суалазе кинал жавабалха ратилел. Хасго бичIчIулебги гьечIони, щиб нилъее къваригIун бугебали.

# Цо кьун, анцIго босулеб байрам

**Гьале ахиралде щвана жиндилъ баркатги рахIматги гIемераб рамазан моцI. ЛъикIал гIамалал гIемер гьарун, дугIа-алхIамалда, таравихIазде хьвадун, Аллагьасде ракI гIагарлъун, тIобитIизе хIаракат бахъула нилъ-еца хирияб моцI.**

**Бусурбабаз кIодо гьарулел байрамазда гьоркьоб бищунго рохалилабги садакъа-къулгьу цIикIкIарабги ккола кIалбиччаялъул байрам. КIалбиччаялъул гIидалде киналго цереккунго хIадурула. Гьеб байрамалъул аслияб гIахьалчагIи ккола лъимал - гьел рохизари, цIикIкIун садакъа бикьи гьеб байрамалъул хаслъилъун. Хасго кIудияб рохел букIуна ккола росабалъ ругел лъималазул. Киналго цоцазда лъалелъул, гIага-божарал росулъ гIемер рукIунелъул батила, гьезие цIикIкIун кIалбиччаялъул рохел букIунеб.**

РакIалде бачIуна дунго гьитIинаб заман. КIалбиччан къо бачIиналъухъ урхъун, къоял рикIкIунел рукIунаан ниж.

Цебесеб къоялъго бищун лъикIаб, берцинаб ретIел къачIан, росизе сумкаби хIадурун, щвезе ругеб бакIалъул бицунел рукIунаан. Школалдаго цадахъ цIалулез бицунаан лъица щиб бикьизе бугебали ва бищунго бокьулеб нигIмат щвезелъун тIоцере гьезухъе ине хIадури гьабулаан. Анкьалъ церего лъугьун, бахъухъ гьабун, натIхIал къан, (гьанже гIадин босизе щолароан) кинабго гьабулаан нижецаго рокъоб.

ГьабсагIатги ракIалде щола, кIалбиччаялъул цебесеб къоялъ, авалалда бугеб корохъ чед бежулаго букIараб берцинаб махI. Чадалги пурщабиги режизе данделъулаан мадугьалзаби. Цоцазда хадур ирга гьабун, бежулеб, белъунеб жоялъул гьуинал махIал камулароан. Кидадай кIал биччазе заман щвеладаян кколаан, пурщина рокъобе щвезабизе ритIулелъул. Цере гIадал гIадаталги гьарулел хIадурлъабиги гьанже рукIунаро. Лъималгицин тIубараб къоялъ тируларо.

Нижер росулъ (Хьаргаби район, ГIаймаки) гьанжего гьанже хъахIлъи лъан букIуна лъималаз сверизе байбихьараб мехалда. КъалъизегIан кIвара-тараб садакъа бакIарула гьез, хадуб чIалгIунеб батила - нухазда къокъабазул къадар лъедерлъула. Лъималазул рукIуна жидерго рукелал: цадахъ цIалулел, гьудулзаби, гIел бащадал. «Ккурал кIалал къабул гьарун ратаги яги кIал къабул гьабун батаги!» - ян ахIулаго рачIуна лъимал хъахIлъи рехигун. Щибго абизе лъаларел гьитIичалги рачIуна щвараб-тарабги бихьулаго, цин гIодор ккун, хадур тIаде рахъун, кодор гIисинал сумкабигун. Щивасе берцинаб мацI бицине, гьел рохизаризе хIаракат бахъула гьуинлъи бикьулезги. Бигьа гьабун рилълъун инчIого, бикьулеб жо лъугIулеб гIадин, рекерун, цояздаса цоял цере ккезе яхI бахъула лъималаз.

Радал какде арал бихьинал гьенисанго уна херазухъе, унтаразухъе, гIагарлъиялъухъе щвезе. ГIагарлъи гьечIониги, росулъ цоцада лъаларев чи вукIунарелъул, гьелъухъ балагьичIого уна тIаде-гъоркье. ЛъагIалида жаниб ккараб хвел бугони, гьезул бакIалде уна киналго щиб бугониги жоги босун, къварилъи гIахьал гьабизе.

Дагьаб кIудияб гIелалъулаз бицуна жал гьитIинаб мехалда гьанже гIадин кIалбиччан къоялъ цIалудаса, хIалтIудаса рокъор толароанила. Радал хехго кIвара-тараб бакIги тирун, школалде рекерулаанила. Нагагь школалде кватIани, мугъзада сумкабиги ран рахъарал сураталги, тIад релъун гьарурал кучIдулги рукIунаанила къадал газетазда рахъун.

Цебе заманалдасанго цоцахъе кьун, тIаде рачIараз рикIкIунеб гьадинаб кечIги буго:

**КIалбиччан къо, биччан къо,**
**Руччабазул кванил къо.**
**Бихьиназул чохьол къо,**
**Лъималазул таргьил къо.**

Гьанже гIадин конфет-печеньеги, азаркьераб нигIматги букIунароан цебе бикьулебги столалда лъунги. Нижеегицин тIад кагъат бугел конфетал жал рикьулаан, жал гьитIинаб заманалда гьеб къанагIалъи букIанин абула чIахIияз. ГIатIал гурга, хIанкъва, релъарал ханал яги бахъухъил кескал рукIунаанила рикьулел. Рес бугев чияс газеталда гъорлъги жемун кьолеб букIун буго бахъухъ, натIухъ.

Къоялдаса къоялде гIадамазул рукIа-рахъинги гIумру гьабиги бихьулебги



Гьедин гIадатлъун лъугьун буго гьеб диналъги какараб цIаруе гьабулеб садакъа. Цо-цо росабалъ хириял сайгъатал кьолеб гIадат киналгоги рекъон жибго тун буго.

Ахираб заманалда кIалбиччаялъул гIидги цогидал байрамалги гIадамаз тIоритIула цIакъго бечедго. Столалда камураб нигIматги букIунаро, кваначIеб жоги толаро.

Гьанже киназго гIадин цоккураб къагIидаялда тIобитIаниги, цебе щибаб миллаталъулги росдалги батIибатIиял гIадатал рукIун руго.

Цебе Шамил районалъул Лъахъ росулъ, Казбек районалъул Гуни росулъ ва цогидал росабалъги кIалбиччан къо кIодо гьабулеб букIун буго гьадин. Рогьалил как ахIидал, киналго унел руго какалги разе, зикруги бачине шайихасул хабаде. Гьенире рачIунаго щибаб рукъалъ садакъаги бачIунеб буго. КъулгьуалхIамги гьабун, бачIараб садакъаялде дугIаги гьабун, киназего гьебги бикьун унел руго херазухъе. Херазул адаб-хIурмат гьаби нилъер гIодосанго батараб гIадат буго, гьединлъидал киналго росабалъ щола чIахIиязухъе зияраталъ. Гьенир кваналел руго, щибго жо я унез босулеб гьечIо, я цогияз кьолеб гьечIо, кIалдиб лъураб квенги хваразул рухIалъе кьун, тIадруссунел руго. Гьедин гIидалъул къо баркизе цоцазухъеги ун, я лъимал тиризе инчIого, я щибго бикьичIого гьабулаанила гьез кIалбиччан къо.

Гьебго районалъул ХIотода, гIисинал хутIун, киналго радал унел руго мажгиталде какал разе. Гьенире росун рачIунел руго ахираб лъабго соналда жанир хварал гIолохъанал васал-ясазул логол борхалъиялъул гьарурал канакраби (гьотIол сураталда релълъун гьабураб жо). Гьелъул гIаркьалабазда тIад ралел руго пихъ-мичI, конфетал, печеньяби. гьалъулеб, хисулеб буго. Гьелда рекъон гIадамазги жидерго буголъи бихьизе гIадин лъикIа-лъикIал, хириял сайгъатал кьезе байбихьун буго. Квеш ккараб жо буго рес бугезда рекъон, рес гьечIезги, бикьизе жо босулеб букIин.


Эльдар Вагьабовасул сурат

Гьенир хваралги ракIалде щвезарун, дугIа-алхIамги цIалун гьел гьуинлъаби лъималазе рикьулел руго.

Цо-цо росабалъ лъимал гIагарлъиялъул бакIалде гурони унел гьечIо. Лъималазе гьез гIарац кьолеб буго, цогидаб кьураб жо гьанже гьез къа-

бул гьабулебги гьечIо. Жидерго чагIазе сайгъатал росиялдаса гьезиеги гIарац кьейго бигьаяб бугин абулеб буго гIадамазги. Лъимал тирун лъугIараб заманалда руччаби хабалазде щвезе унел руго.

Хунзахъ районалъул Гьамущи букIун буго гьадинаб гIадат.

Ахирисеб кIалги биччан, маркIачIул гIужалдаса хадур киналго лъимал унел руго тиризе. Гьез ахIулеб буго «табкиналу, гьурщиналу» абун. (Гьелъул магIна батилин ккола тIабкIиниб лъун, пурщина кьеян абураб.)

Гьезулго цебеги гьанжеги бугеб гIадат буго цIиял бахIаразул бакIалде кIалбиччан къоялъ киналго щвезе ин. Ясалъул эбелалъ хIадурараб, кинабго нигIматги тIад лъураб стол букIунеб буго гьезул. ГьитIинал, чIахIиял батIалъи гьечIого, гьезухъе щолеб букIун буго росуго. Гьанже гIагарлъи гурони тIаде гъоркье унеб гьечIо.

Цо-цо росабалъин абуни кIалбиччадул берцинго къачIараб стол цояб рахъалда тIад нигIматги лъун бихьизе тун букIунила, цогидаб рахъалда гIадамал гIодор чIезаризе хIадурарабги букIунаанила.

ЧIарада районалда, цебе гIисиназги чIахIиязги киназго цебесан росу тирулеб букIун буго. Бикьулеб жоги гургабиги, ресалда ругезул ханалги рукIунаанила. Щварал ханалги рикIкIун гIемерал щварал чIухIун рукIунаанила, жидер тухумги кIудияб бугин, ресалда ругелги цIикIкIун ругин абун. Гьудул-гьалмагъзаби, щварал ханалги росун, цо бакIалде ракIарулаанила, хадур ханал цоцалъ рагъизеги гьарун, бергьараз цадахъ ругезулги руххулаанила.

Гьанже гIисинал лъимал гурони росуго тиризе унарин абула, бихьинал гIагарлъиялъухъе щвезеги унила, руччаби хвел-гIел ккарал гIадамазухъе кIудияб кIалбиччай гьабизе данделъулила.

Унсоколо районалъул ХъахIабросулъ гьеб соналъ ригьин гьабуразул хъизамалъ гьабулеб букIун буго цIияб кIалбиччан къо. Столалги къачIан, гьалбал къабул гьаризе хIадурулел руго гьел. Росулъа киналго гIадамал унел руго гьезухъе кIал къабул гьабун, кодоб хъатикье кьолеб жоги камулеб гьечIо, киназго гьезда тIоцебесеб кIалбиччан къоги баркулеб буго.

БежтIа росулъ цебеги гьанжеги радал хехго лъимал унел руго тиризе, бихьинал уна гIагаразухъе, херазухъе щвезе. Хадур руччаби уна лъалел-хъвалезухъе. Цогиязул гIадин, руччабазе, бихьиназе кьолеб жо букIунарин жидерин абула гьез. Киназго цоккураб жоги бикьуларила, ресалда рекъон букIунила гьабулеб садакъа. Лъилго гьелда тIад каламги букIунаро. Цоги бежтIадерие хасаб, ахираб заманалда лъугьараб лъикIаб гIадат ккола мадугьалзабиги цолъун, цояз цIурачадал, цогияз пурщина жо гьабун, къватIиб столги къачIалеб. Какдеги ун рачIунаго, киналго бихьинал цадахъ гьеб столалда нахъа гIодор чIолел руго, такбирги бачун кваналел руго.

Щибаб районалъул, росдал, миллаталъул буго кIалбиччаялъул ва цогидалги байрамал тIоритIиялъул гIадат. ЛъикIаб букIинаан нилъерго росдал хаслъи билизе течIого, гьанжесеб гIелалдаги лъазе, гьел цIунун хутIани.

Киназулго гьарурал лъикIал гIамалал азаридеги рахинарун, кIалалги къабул гьарун араб батаги исанасеб рамазан моцI.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# Дербенталдаса Асаф

**ГьанжегIагар интернет гелулаго, тIаде ккана Маккаялъул мажгиталда Къуръанал рикьулеб цо видеоялде. Росунго росун цо таргьиниса цогидаб таргьинир лъолел ругоан гIарабас гьел, аскIойго чIун Зайнаб Махаеваги йигоан видео бахъулей, «Гьале, Асаф, дур Къуръанал, гьабсагIат дунги Кристинаги (кочIохъан - ред.) ине руго гьал рикьизе - ян» лъидехуналиго хитIаб гьабулей.**

**РакIалдаго гьечIого, чанго къоялдасан, тохлъукьего гIадин, лъалехъвалел чагIаздасан лъана живго гьев Асаф щивалиги.**




**705 соналда Иерусалималда бараб Аль-Акъса мажгит**

Ахирги гьев ватана Дербенталда гIурав, гьабсагIаталда Москваялда гIумру гьабулев гIолохъанчи. Асафил динги миллатги жугьутIазул бугониги, гьесул гьалмагъзабаз бицухъе, гIезегIан кумек гьабулеб рагIула гьес бусурбабазе. Асафица гIарцулаб кумекги гьабун рарал мажгитал гIезегIан ругин нилъер магIарухъ, гьединго ифтарал гьаризеги, къварилъиялда ругезеги кутакалда кумекал гьарулел руго гьес. Гьединлъидал мех-мехалда живго Асафгицин ахIулев вуго нилъер гIолохъабаца Москваялда гьел ифтаразде. Гьедулеб мехалдаги Аллагьасул цIаралги рахъун гьедулин гьевилан бицунаго, цо гьудулас велъулаго ракIалде щвезабуна 2000-абилел соназул байбихьуда МахIачхъалаялда ккараб лъугьа-бахъин.

Синагогаялде как базе вачIине вукIарав гьесие каваби рагьун гьечIо раввинас. ХIинкъараб заманги букIун, рахан толел рукIун руго доб мехалда гьел. Живго раввингицин вукIун вуго ярагъги борчун хьвадулев. Гьединлъидал цIакъго кутакалда кавабиги рухун, нахъе унарого вугев Асаф цо къваригIел гьечIеб пишаялъ жидехъе вачIарав чиян ккун буго раввинасда. Жив жугьутIав вугин, как базе къваригIун бугин жиндие, бегьулеб батани, каву рагьейин абуниги, биччан тараб мегежалъул Асафида божилъи гIолеб букIун гьечIо досул. Гьеб мехалда ахIдон вуго Асаф, АллагьасхIаги жив жугьутIав вугилан («Клянусь Аллахом, я еврей»).

ПалхIасил, Маккаялда Къуръанал рикьулеб Зайнабица бахъарабго гIадаб цойги видео бихьана Асафил гьудулзабаз. Гьеб бугоан Иерусалималда Аль-Акъса мажгиталда гьес жинцаго Къуръанал росун лъолеб видео. Щибалда тIад хъвалеб бугоан Асафил цIарги. Аль-Акъсаялдаго гIадин, жиндирго квер229 гьел Къуръанал рикьизе хIежалде инеги анищ буго Асафил, амма бусурБандин босун гьечIолъиялъ виччалев гьечIо гьев дове. ТIадежоялъе ГIизраилалъул гражданинги ккола гьев, гьелъги гьабулебищ квалквалали. Гьединлъидал Зайнабида тIадкъан букIуна буго Асафица хIежалда жиндирго рахъалдасан

Дир компаниялда хIалтIулел гIадамазухъа гъалатI ккани, дица гьезда цебе шартI лъола - гIакIадуй гIарцул цо пуланаб къадар бахъизе, цинги гьеб гIарац иргадал щибаб диналъул гIадамазе кумекалъе харж гьабизе.

Къуръанал рикьизе. Амма абизе ккола, Асафил гьудулзаби гIемерисел бусурбаби рукIин гуребги. Гьесул лъадиги ккола МахIачхъалаялдаса тумай, тухумалда руго бусурбан-диналъул гIадамалги.

«Ахираб анцIго сон буго дилъ гьединаб анищ бижаралдаса - хIежалде ине. Мун дове ине кколин абулеб буго ракIалъ. Дида гьабсагIаталда ракIалда гьечIо дирго дин хисизе, амма якъинго лъала хIежалъул ракь хирияб бакI букIин. Гьединлъидал дие цIакъ бокьун буго гьеб бихьизе. Гьединго дие батIалъи букIунаро гIадамал кинаб миллаталъул, кинаб диналъул ратаниги. ГIадан гIаданлъун вукIин буго дие аслияб жо. Гьединлъидал гьарулел кумекалги дица бокьараб миллаталъул чагIазе гьарула - жугьутIазе, насраниязе, бусурбабазе. Дир компаниялда хIалтIулел гIадамазухъа гъалатI ккани, дица гьезда цебе шартI лъола - гIакIадуй гIарцул цо пуланаб къадар бахъизе, цинги гьеб гIарац иргадал щибаб диналъул гIадамазе кумекалъе харж гьабизе», - ян бицана Асафица «ХIакъикъаталъулгун» букIараб гара-чIвариялда.

Гьесул гьудулзабаз бицана эбелинсуца рехун тарал яги бесдал хутIарал лъималазеги гIезегIан кумекал гьарунила гьесул фондалъ. Аллагьасги жиндие гьеб рикъзи садакъаби гьаризелъун кьолин, садакъа гьабичIони, Дос жиндихъа гьеб нахъеги босулин абураб пикру буго гьесул щулалъун.

Асаф Якъубов ккола Москваялда лъикIаб даражаялда вугев бизнесмен. Гьесул рес буго дунялалда бокьараб бакIалде ун хIухьбахъизе. Амма рес кканщинахъе жив Дагъистаналде вачIунин, жинца гьеб жиндирго ватIанлъунги рикIкIунин бицана гьес. Гьединлъидал Дербенталда минаги балеб буго.

МагIарул газеталъул вакил йикIин лъайдал, Асафица дие имам Шамилидехун жиндирго бугеб рокьиялъулги бицана. КIудияв имамасул гIумру мисаллъун букIунила жиндие. Гьединлъидал Асафил рокъор рагIула квералъ художниказ рахъарал Шамилил сураталги гьесул хIакъалъулъ хъварал тIахьалги.

«Цо заманалда интернеталда камулароан имам Шамилиде гьарулел гьужумал. Дида цIакъ захIмалъун букIана гьеб», - илан ракIалде щвезабуна Асафица.

Гьеб хабаралъ хIайран гьаюрай дицаги бицана Асафие культураялъульги, сахлъи цIуниялъулъги, гIаммаб куцалда гIелмуялъулъги жугьутIаз Дагъистаналъе гьабураб пайдаялъул.

ПалхIасил, гьелдалъун цойги нухалда тасдикълъана миллатал квешал рукIунарин, цо-цо гIадамал гурониян абураб пикруги.

***Зульфия ХIАЖИЕВА***

## Хъизам

# Эмен

**Унго, гIумруялъул халатал нухаз нилъ рачунел рикIкIаде, нилъеда дандчIвалел батIи-батIиял гIадамал. Гьезул цо-цоял нилъеда къокъидго кIочон тола, цогидал пикрабалъ ва рекIелъ бакI ккун хутIула. Амма бищун нилъер рекIелъ бакI кколел гIадамал руго эбел-эмен.**




Эбел-эмен чIаго рукIаго, нилъ руго лъимал. Гьел гьечIого хутIараб мехалъ лъала нилъеда гьезул къиматги, камиги, гьезде букIараб мугъчIвайги. Умумулъанго бачIараб аби буго «Эбел-эмен чIагояб мехалда лъималазда куркьби рукIунин, гьел камидал куркьбиги рекулин» абун. Гьеб битIарабги буго. Чанги эбел-эмен руго лъималаз цIехечIого рехун тун, къадаралде щведалги, лъимал рач1иналде мадугьалзабаз кинабгоги тIубан. Цоцо лъимал руго, чанго соналъ цере хварал эбел-инсухъ жакъаги хадур гIодулел.

Гьединазул цояйлъун ятана дида МахIачхъалаялда гIумру гьабун йигей Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъа, Мажидова ПатIимат. Гьелъие гIиллалъунги дида бихьула гьанжеялдаса 19 соналъ гIумруялдаса ватIалъарав эмен Чупанил хIакъалъулъ гьелъ бицараб гьаб хабар.

- Дир эмен гIуна кIудияб ва захIмат бокьулеб хъизамалда. Гьесул эмен - дир кIудада, Мажидица ячун йикIун йиго кIиго чIужу. Дир кIодоэбелалъ гьабураб 8 лъимада цадахъго гьес тарбия кьун буго кIиабилей чIужу ГьатIинаца гьабураб 12 лъимералъеги.

Гьединаб кIудияб хъизамалда гIурав вукIиналъ батила инсуца гьитIинго, ай 14 сон барав чияс, хIалтIизе байбихьараб.

Саратовалъул юридикияб институтги лъугIизабун ватIаналде тIадвуссарав эмен тIамуна Гъуниве судиявлъун хIалтIизе. Гьел рукIана араб гIасруялъул 50-абилел сонал. Гьенив хIалтIулаго, вачана эмен райисполкомалъул председателасул хъулухъалде. Инсул хIаракатчилъиги бихьун, тIамуна Гъуниб райкомалъул партиялъул секретарьлъун.

Лъимерлъиялда эмен дида гIемер вихьулев вукIаравищалиго лъаларо. Гьев, жиндирго хиси гьечIеб Сталинил гIадаб парталги ретIун, радалго хIалтIуде унаан ва кватIараб сардил гIужалъ гурони рокъовеги тIадвуссунароан. РакIалда буго, эбелалъ гьесие щибаб къойил сапаралъ вахъунаго кваназе чед, нисдал гIерекъ ва цоги щиб бугониги хIадур гьабулеб букIараблъи.

Гьей, гIадатияй магIарулай - Зада, ГIабдурахIман Данияловасул тухумалъул гIадан йикIана. Нижехъе доб заманалда гIемерал гьалбал рачIунаан. РакIалда буго гуржиязул Душети районалдаса, Болгариялъул Смолян округалдасацин гьалбал рачIараблъи. Эбелалъулги гIумрудул цIикIкIараб заман ана цоязда дандчIвай гьабулаго, цогидал нухарегIулаго.

Гъуниса эмен МахIачхъалаялде рохьил магIишаталъул министрасул хъулухъалде вачиндал, гьевги доб заманалда лъай кьеялъул министрлъун вукIарав Магьидовги Болгариялде сапаралъ ритIун рукIана. Гьениса инсуца дие сайгъаталъе бачIана, Болгариялдаса пионер Шукрун Кукулевалъ жиндирго гарбида бухьараб жадулкьераб галстук.

Дица гьеб чIухIигун школалде унелъул дидаго бухьунаан. Хадуб гьеб инсуе сайгъат гьабурай Шукрунилгун дир лъикIаб гьоркьоблъи лъугьана. ГIемерал сонал ун хадуб Болгариялде арав Наби Дагировасулгун лъайхъвайги ккун, гьесухъ дие Шукруница кIиабизеги гьединабго галстук битIун бачIана.

> Дица рикIкIуна эмен жакъаги гъунисез хIурмат гьабулев, гьез къимат кьолев инсанлъун хутIун вугилан. Къимат кьуна гьесул ракIбацIцIадаб хIаракаталъе ВатIаналъги. Инсул керен берцин гьабун букIана 15 гIаламаталъ.

Министрлъун эмен хIалтIана 10 соналъ. Гьев киданиги хIалтIудеги нахъеги хъулухъалъулаб машинаялда унароан. Инсул живго бетIергьанаб машина яги гIадамазул гIадаб хIухьбахъизе униб рукъ букIинчIо. Инсуе хасиятаблъун букIинчIо рукъалъул магIишат, бечелъи данде гьаби. Оскарил къотIноб бугеб минаялъуб квартира кьолелъулги инсуца гьелдаса инкар гьабуна. Гьеб жиндирго секретарьлъун хIалтIулей щуго лъимер хьихьарай гIаданалъе кьуна - гьеб диеялдаса, гьелъие хIажатаб бугилан абун.

Эмен хIалтIараб ахирисеб бакIлъун букIана республикаялъул профсоюзазул бетIерав юристасул хъулухъ. Гьесухъе гIицIго шагьаралдаса гуребги, рикIкIадал районаздасагицин гIадамал рачIунаан батIи-батIиял суалалгун. Гьезул щивасе инсуца тIаса бихьизелъун гуреб, ракI-ракIалъ кумек гьабулаан.

Дица рикIкIуна эмен жакъаги гъунисез хIурмат гьабулев, гьез къимат кьолев инсанлъун хутIун вугилан. Къимат кьуна гьесул ракIбацIцIадаб хIаракаталъе ВатIаналъги. Инсул керен берцин гьабун букIана 15 гIаламаталъ. Гьезул лъабгояб кколеб букIана «ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ» орденал.

ТIадехун хъвавухъе, жакъа чIаго гьечIо дир эмен Мажидил Чупан-ГIабдулагь. Амма дун йохарай йиго гьесул цIар нижер хъизамалда цIунун букIиналдаса. Гьеб кьун буго дир васасул васасе. Гьесулъ кIудадал цIар гуребги, гIамал-хасиятги, гьумералъул сипатгицин такрарлъун буго. Дица гьеб кIудияб талихIлъун рикIкIуна. Дун кидаго йикIана инсул яслъун…

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

## Инсан

# ЦIадалабги гьекъана, бакъулабги къулчIана

**Исана 85 сон тIубала ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъа ЗахIматалъул ветеран, кIиабилеб группаялъул инвалид ГIабдусалам МухIамадовас.**

**Армиялде индал, ГI. МухIамадов ккана Челябинск-40 шагьаралде. Гьениб букIана «Маяк» абураб ядернияб яргъил полигон. Гьениб 1957 соналда ккана къварилъи. ТIубараб лъагIелалъ гьениве чи виччачIо ва 1958 соналда витIана 3800 солдат. Гьезда гьоркьов вукIана ГIабдусаламги. Солдатазда тIадкъан букIана авариялъул хIасилалда ккараб заралалдаса сверухълъи бацIцIад гьаби.**

**Гьелъул хIакъалъулъ гьадин ракIалде щвезабуна ГI. МухIамадовас:**



- Сверухълъиялдаго тIибитIун букIана хIехьезе кIолареб рокьукъаб махI. ХIалтIи киназего цо букIана, амма хIалтIуда тIамулеб заман, зарал цIикIкIараб бакIалъухъ балагьун, батIибатIияб чIезабулаан. Цо-цояз сменаялда балаан 3-4 сагIат, цогидал хIалтIулаан 5-6 сагIаталъ. ХIалтIудаса хадуб чанго нухалда хинабги цIорорабги лъелъ чвердолаан ва лъикIго кваназарулаан. Гьединго щибаб моцIалъ нижее кьолаан 190-210 гъурущги, - ян.

Армиялда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицунаго, ГIабдусаламица абуна гьениб аслияб жо букIанила балъголъи цIуниян.

- Анлъго метралъул гъварилъиги лъабго метралъул гIеблъиги бугел хъитIал рухъулаан нижеца. Гьенир жанир лъолаан кIи-кIи метралъул асбесталъул рогIрал. Гьел рогIразда щиб гьабулеб букIарабали, нижеда лъазе толароан. Бигьаяб иш букIинчIо хъитIал рухъи ва жаниса ракь къватIибе баччи. Ункъо метралъул гъварилъи бухъун бахъиндал, чIвалаан хIубал ва рагIаллъаби щула гьарулаан. Гьединаб букIана нижер взводалъул 48 солдатас гьабулеб хIалтIи, - ян ракIалде щвезабуна гьес.

Лъабго соналдаса цIикIкIараб заман бана ГIабдусаламица армиялда. Рокъове тIадвуссана, 6800 гъурущгун. Байбихьана ракълилаб ва захIматалъулаб гIумру. Гьев хIалтIана почалда. Анкьго соналъ вукIана почалъул начальниклъун, анкьгогIан соналъ – ЧIарада районалда букIараб «Союзпечаталъул» нухмалъулевлъун. Дагъистаналъул 42 районалда ва 10 шагьаралда гьоркьоб, подписка гьабиялъул рахъалъ ЧIарада район букIунаан 2-3-абилел бакIазда ва ГI. МухIамадов чанцIулго мустахIикълъана премиялъе.

**- Гьанже дун вуго хIалхьиялда. Амма дицаги хъизаналъги, цо хIарп гьоркьоб течIого, цIалула «ХIакъикъат» газета. МагIарул газета хъвазе байбихьана 1962 соналдаса нахъе. «ХIакъикъат» буго гIакълу ва лъай кьолеб хазина**, - ян абуна ГIабдусаламица.

Кверал тIуртIуданиги, беразул канлъи загIиплъаниги, миллаталъул хазиналъулгун гьудуллъи тIезе течIев ГIабдусаламиеги гьесул хъизаналъеги сахлъигун баракатаб гIумру гьарула нижецаги.

Гьединго газета гьоркьобккун ГIабдусаламие бокьун буго районалъул социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабазе баркала кьезеги.

- Ригь арал чагIазеги инвалидазеги хъулухъ гьабулеб централъул отделалъул начальник ккола Хизрибег Хизрибегов. Гьев кIалъана дихъе, кумек хIажат бугищан цIехон. Дица дирго хIал бициндал, заместитель Фатима МустIапаевалда тIадкъана дир къваригIел тIубайилан. Гьелъ жиндихъе ахIана Сидрат Азаева ва гьелда лъазабуна диеги дир хъизаналъеги кумек гьабеян абун.

Нахъисеб къоялъго ячIана Сидрат нижехъе. Гьелдаса нахъе гьелъ нижер тIалаб гьабулеб буго. КIиявго инвалидасе кумек гIемер хIажалъула. Сидратица нижер рукъзал рацIцIуна, хIажатал кванил нигIматал росизе тукаде уна, чуризеги чурун, парталалда иту бахъула. Бищунго ракIбохула гьелъ гьабулеб хинаб ва тIагIамаб квен-тIехалдаса. Жиндирго эбелинсул гIадин нижер тIалаб гьабулей Сидратие баркала буго! Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьелдаса, - ян бицана ГIабдусаламица.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Жагьиллъиялъ буго хIалтIи хвезабун

**Россиялъул ва Китаялъул школазда цIалул сон байбихьиялъул байрам тIобитIулеб куцалъул, школазда лъай кьей гIуцIун бугеб къагIидаялъул хIакъалъулъ бахъараб видеоялъ кутакаб асар гьабуна. Масала, тIоцебесеб сентябралда нилъер лъимал школазде рачIуна берцинго ретIа-къан, тIугьдузул квацIабигун. Китаялъул лъималин абуни, тIарсалгун, вешалкабигун, рацIцIа-ракъалъиялъе хIажалъулел алаталгун, цаби чурулел пастабигун ва щеткабигун.**

## Гаокаоялъул къуват

Китаялда гIемерисел цIалдохъаби гIумру гьабун интернатазда рукIуна. Гьел цIалула кIиго сменаялда. Дарсал байбихьула радал сагIат микьгоялда, лъугIула къаси микьгоялда. ТIаде рахъиндал, лъимал уна жидецаго тIобитIулеб радалисеб зарядкаялде. Хадур - школалъул столоваялде, кваназе. Кванан рахъиндал байбихьула тIоцебесеб сменаялъул дарсал. Гьел лъугIула къад сагIат 12-ялда. 12-ялдаса лъабгоялде бащдаб хIалтIизегIан букIуна къадеквен ва «тихий час», ай киназдаго тIадаб буго кьижизе. Амма интернаталда гIумру гьабуларел, школазда аскIорго гIадин рукъзал ругел цIалдохъабазе рес букIуна къадекваназе ва кьижизе рокъоре ине.

Цо-цояз кванала цадахъ босараб къадеквен ва кьижула жидерго классазда, столазда нахъа лъурал мугъчIвалел бакIазда тIад. Гьел тIалабаздаса эркен гьарула захIматал экзаменазде хIадурлъулел лъимал.



ХIухьбахъудаса хадуб анлъго тIубазегIан букIуна кIиабилеб смена. ЦIали лъугIидал, уна къаси кваназе. Хадуб, къаси микьго тIубазегIан гьарула рокъоре кьурал тIадкъаял. Цинги, кьижизе мех щвезегIан букIуна эркенаб заман. Гьеб мехалда цIалдохъабаз ракIарула жидерго классал, гIумру гьабун ругел рукъзал чурула, къачIала ретIел-хьит.

Китаялда чIобого букIуна байбихьул (1-6) ва тIубачIел классазул (7-9) цIали, чIахIиял классазул (10-12) цIали букIуна мухьдахъ. ЧIахIиял классазде росуларо вузазда цIализе гьунар бугел гурони лъимал. Школа лъугIиялъул экзаменал рукIуна нилъер ЕГЭго гIадал, гьелда «Гаокао» абула. Вузаздеги росула «Гаокаоязул» хIасилазухъ балагьун.

Мукъсанал ресазул школаздацин гъваридго малъула химия, математика, физика, геометрия ва китай мацI, лъикIал школазда, гьезде тIадеги, ингилис мацI ва цогидалги кIвар бугел предметал.

Рокъоре кьола гIемерал тIадкъаял. Хасго каникулазул заманалда рукIуна гьел цIакъго гIемер. Гьединлъидал гIемерисеб мехалда школлъимал кьижула къаси сагIат 12-ялдехун.

Китаялда рихьуларо чIалгIаде къватIазда, азбаразда сверулел лъимал. Школазда гьукъараб буго рас белъине, тату ва косметика хIалтIизабизе, хIатта ботIрол рас къунцIиялъецин чIезабун буго кьвараб низам. Я школазда аскIор, я къватIахъ дандчIваларо хъалиян бухIулел, спирт гъорлъ бугел жал гьекъолел гIолилал. Гьеб тIатани, гьабула кьварараб тамихI.

Лъай ва тарбия кьеялде гьединаб бербалагьи гьабулеб букIиналъул хIасил ккола жакъа Китай церетIурал улкабазул цояб букIин.

## Убач гьабуразе кьварараб тамихI

ГIолилазе кьолеб лъаялде гьединабго тIалаб буго Югалъул Кореялдаги. Гьелъул халкъалъул лъай буголъи бахуна 99 проценталде, тIадегIанаб лъай бугезул къадар - 98 проценталде.

Школлъималазе рокъоре кьола гIемерал хIалтIаби, тестаздалъун зама-заманалда халгьабула малъулеб материал бичIчIун бугищали. Рес букIунаро чияралдаса щибго хъвазе, жиб-жиб партаялда нахъа вукIуна цо-цо цIалдохъан. КIиго моцIида жаниб цо нухалъ кьола хIасилиял тестал, гьезул къиматазухъ балагьун, цIалдохъанасе рес букIуна лъикIаб классалде, хIатта лъикIаб школалде ине.

Китаялдаго гIадин, Кореялъул школаздаги гьукъарал руго гаджетал. ДандчIвараб мехалда убачал гьарулел рихьани, гьабула кьварараб тамихI. Гьелдаса цIунизелъун, цо-цо школазда васазулги ясазулги классал ратIа гьарунцин руго.

Экзаменазде хIадурлъизе чIахIиял классазул гIемерисел лъимал гочуна интернатазде. Лъималазе ургъизе квалквал ккечIого букIиналъе, экзаменал кьолел къоязда, школалъул минаялда аскIосан унел машинабазе нух къала.

Югалъул Кореялъул библиотекаби хIалтIула сордо-къоялъ, цIалдохъабазе ва студентазе изну кьола гьенирго кьижизе, хIатта рес букIуна библиотекабазда сардал разе. Гьеб ккола Югалъул Кореялъул кинабго рахъ цебетIеялъе бугеб хIакъикъиял гIиллабазул цояблъунги. Кореялъулаз жидерго аслияб бечелъилъун рикIкIуна тIадегIанаб лъаялъул ва камилаб махщалил халкъ.

## Бищун нахъа кьижула студентал

1970 соналда Япониялъул Осака шагьаралда тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб «Экспо-70» выставкаялда гIахьаллъарав ДГУялъул ректор А. Абиловас, гьелъул бицун, тIобитIана студентазулгун дандчIвай. Гьес абуна къаси сагIат 12-ялда Осакаялъул университеталъул ректоргун вачIунеб мехалда жинда бихьанила гIемертIалаяб цо минаялъул кинал-го гордахъ канлъи рекIун. Гьелда гIажаиблъи гьабидал, ректорас абунила: «Япониялда бищун ватIун кьижулел чагIи ккола студенталги школлъималги», - ян.



ТIадехун рачарал мисалаз нилъеда бицунеб буго техника, экономика цебетIеялъе ва гIадамазул гIумру лъикIлъиялъе къваригIунел аслиял гIиллабазул цояб гIолилазе кьолеб гъваридаб лъайги камилаб махщелги кколеблъи.

## ЗахIматго унтараб лъайкьей

Гьеб рахъалъ Дагъистаналда лъугьун бугеб хIалалъул бицунаго, цо херав учителас абуна, Дагъистаналда лъай кьеялъул иш захIматго унтун бугила, ЕГЭялъги гьеб тIубанго накабазде ккезабунила. Щолеб харжалдаса рази гьечIев учителас гьеб сахги гьабуларила. Гьединлъидал цIалулеб гIадаб ххвел лъималазги гьабулеб бугила, хIалтIулеб гIадаб ххвел учительзабазги гьабулеб бугила, харж кьолеб гIадаб ххвел хIукуматалъги гьабулеб бугила.

Цоги, лъаялъул хIалбихьизе, МахIачхъалаялъул къватIазда блогераз студентазе ва школлъималазе кьолел рукIана «Кида байбихьараб кIиабилеб дунялалъул рагъ?», «Кагътида хъвай лъел формула?», «Атомалъул гIуцIи щиб?» абурал суалал. КъанагIатав чиясда гурони кIвечIо жаваб кьезе.

Цо-цо директорзабазул гIарз буго лъайги, махщелги, бажариги бугел гIолохъанал учительзаби харжал цIикIкIарал бакIазде хIалтIизеги ун, школазда хутIулел ругила херал ва загIипаб лъаялъул учительзабиян. Гьезул дарсал кьезе кколел ругила цоги предметазул учительзабазухъе. Специалист гурев чияс кьураб дарсазул даражаги кинабха букIинеб?

Гьеб ахIвал-хIал хисизабизе ккани, кьучIдасанго хисизе ккола республикаялъул школазда лъай кьеялъул къагIида, борхизабизе ккола учителасул къадру, кIиго-лъабго нухалъ цIикIкIинабизе ккола харж.

Школазде хIалтIизе рачIунел гIемерисел гIолохъанал учительзаби руго мукъсанаб лъаялъул бетIергьаби. Ва бищунго гIажаибаб жо, гьединазе бокьулеб гьечIо жидерго лъай борхизабиялъул курсаздегицин.

Лъиего балъголъи кколаро, лъай кьеялъул рахъалъ Дагъистаналъул школазда ахIи базе ккараб хIал букIин. Гьелъие нугIлъи гьабулеб цо мисал бачина. Араб соналъул авалалда пуланаб районалъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулес киналго школазул байбихьул классазда тIоритIана хIисабалъул ва гIурус мацIалъул лъаялъул халгьабиялъул хIалтIаби. ЦIацIа-хъахъан, гIаммаб куцалда лъималазул лъай «3» къиматалде бахинабуна. Республикаялъул школазул гIемерисел цIалдохъабазул лъай гьебго даражаялда батиялда щибго щаклъиги гьечIо.

## Жакъасеб къоялъул къваридаб сарин

Гьединаб хIал букIин бихьулеб буго жакъасеб нилъер хIакъикъияб «цебетIеялъе» цо гьалмагъас кьолеб бугеб къиматалъухъ балагьун: «Американазул далакнусалъ кIкIвана мегеж, парангазул сапнаца чурана кверал, немцазул чайникалъуб гьалана лъим, полякзазул суркIаялъубе бана Бразилиялъул кофе, ретIана Италиялъул костюм, тIаде пунхъана парангазул махI берцинаб лъим, ингилисазул кIулаз рахана китаязул нуцIа, немцазул машинаялда жанив кIусана, японизазул автомагнитолаялъубе бегьана британазул рок-группаялъул диск, ана турказ бараб автобаналдасан, щвана таджиказ бараб офисалъул минаялде, Канадаялъул видеохалкквеялда гъоркь, цIунулеб парковкаялда лъуна китаялъул машина, финазул лифталда рекIун, вахана щуабилеб тIалаялде, лъугьана румыназул цIулал къайиялъ къачIараб кабинеталъуве, биччана Америкаялъул компьютер, ваккана американаз гIуцIараб Интернеталъул гьиназде ва компьютералда зарги бан абуна: «Западалъул кверщаликье ккезе киданиги биччазе гьечIо Россия», - ян.

КъватIисел пачалихъазда букъараб ретIелги, гьабураб техникаги босулел рукIинчIого, хIажат буго церетIурал пачалихъазул мухъилъе лъугьин. Амма гьелъие хIажалъула тIадехун бицунелдаса мисалги босун, чара гьечIого нилъер школазда ва вузазда хIадур гьабизе лъайги махщелги бугеб гIел.

***Нури НУРИЕВ***

# Анкьракьалда лъай кьеялъул къебелъи тІегьазабурав

**Лъай кьеялъул церехъабазул, гьезул бечедаб хІалбихьиялъул ва бергьараб махщалил хІакъалъулъ гІемераб хъвана. Гьалдаса хадубги хъвазе батила. Щайин абуни, кигІан нанотехнологиялги, интернеталъул къуватги ва цифровияб техникаги цебетІуниги, тІабигІаталъ кьураб унго-унгояб пагьмуялдеги инсанасул щулияб гІакълуялдеги цоги жо бахунаро. Гьединал гІадамал рукІана, руго ва рукІинеги ратила хадурккунги. Хасго магІарухъе тІоцебе лъай босун рачІарал, «бецІлъиялда данде рагъ лъазабурал гІадамал» - учительзаби нилъеда кІочон тезе бегьуларо.**

**Гьединазул цояв кколаан ЛъаратІа районалъул ЦІумилухъ росулъа Насрула МухІамадовги. Исана гьев гьавуралдаса тІубала нусго сон. Гьесул юбилей кІодо гьабизе хІадурулъулеб бугин район ва магІарул газеталдасанги гьев ракІалде щвезавуни бокьилаанин бицана гьесул вас МухІамадица.**

**- Дир инсуца 18 сон байдал, 1943 соналда ЦІоралда хвана гьесул эмен. 1952 соналда хун йиго эбелги. Хъизамалда бищун кІудиявги вукІун, инсуде тІаде ккола вац-яцазул тІалаб гьабизе. Амма гьитІинаб къоялдаса нахъего инсул букІана лъай-цІалуде гьира.**



## Данияловасулгун ккараб лъай-хъвай

1939 соналъ гьев уна ЦІоралда гІумру гьабун вукІарав инсухъе, бетІербахъиялъе. Инсул лъай-цІалиялъе бугеб махщелги бихьун, гьев тола мугІалимлъун. КІиго соналъ хІалтІула Лагодехи районалъул МакІав росулъ учительлъун. Хадуб байбихьана рагъ. Гьенир рукІарал гІадамазе кумекалъе 1000 тонна ролъулги босун вачІуна гьениве ГІабдурахІман Даниялов. Гьеб ролъ бикьа-къотІулеб комиссиялде гъорлъе вачун вуго эменги. ГьитІинав гІолохъанчиясул бугеб бажариги лъайги бихьарав инсуца цІехон буго киса-щивин абун. Ва абула мун гІадал гІолохъаби республикаялъе хІажат ругин, Буйнакскиялъул педучилищеялде цІализе лъугьаян.

Доб заманалда педучилищеялда мугІалимлъун хІалтІулев вукІун вуго ГІабдурахІман Данияловасул вац ХІажагІали. Инсулги гьесулги гьудуллъи ккола ва гьеб сабаблъун лъикІаб гьоркьоблъи лъугьуна ГІабдурахІманилгунги.

БатІи-батІиял росабалъ мугІалимлъунги хІалтІун хадуб, эмен тІамула ЛъаратІа районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулевлъун. 1956 соналдаса 1963 соналде щвезегІан тІубазабуна гьес гьеб хъулухъ.

Гьениб хІалтІулеб заманалда инсуца кІвар кьуна районалда лъай кьеялъул иш лъикІаб даражаялде бахинабизе. Лъай бугел мугІалимзаби гІемерлъи букІана гьесул мурад. Щайин абуни, дол соназ магІарухъ гІемер рукІинчІелъулха тІадегІанаб лъай бугел учительзаби.

Гьединго инсул хІаракаталдалъун районалъул чанго росулъ рана школал, ясли-ахал, библиотекаби, богогьанлъиялъул рукъзал. Гьеб рахъалъ инсуе кумек щвана ГІабдурахІман Данияловасдасанги. Масала, дол соназда районалъул нухмалъиялъ, щиб бугониги хІалтІи гьабиялъе кумек къваригІиндал, эмен витІулев вукІун вуго МахІачхъалаялде, ГІ. Данияловасухъе.

Районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъиялдаса нахъе индал, хІалтІана чанго росабалъ школалъул директорлъун. Цо заманалда вукІана нижерго росдал колхозалъул председательлъун ва мустахІикъаб хІалхьиялде инегІан хІалтІана ЦІумилухъ росдал школалда мугІалимлъун. 1997 соналъ ана ахираталъул рокъове.

Маялъул 10-12 къоязда ракІалда буго, эмен ракІалде щвезавиялъул хІурматалда, гІолилазда гьоркьоб футбол хІаялъул рахъалъ турнир тІобитІизе, - ян бицана Насрулагьил МухІамадица.

## Мискин-пакъирасе кумек гьарзаяв

НахІадаса МухІамадов ГІумарица бицана Насрула вукІанин жиндирги мугІалим.

- Районалъул лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулевлъун гьев вугеб мехалда, школалда хІалтІулев вукІана дун. Гьесул хІаракатчилъиялъул хІасилалда лъай кьеялъул иш гІураб борхалъиялде бахун букІана. Жиндаго цебелъураб масъала рагІалде бахъинабичІого чІезе кІолароан гьесда. Мискинзабазе щиб кумек къаригІаниги, гьесул хІажат тІубазе хІадурго ватулаан гьев. Гьединав сахаватав бихьинчи вукІана, - ян бицана ГІ. МухІамадовас.

М.-Г. МухІамадовас гьесде гьабураб шигІруялда руго гьадинал мухъал:

***Ашахан ЮСУПОВ***

**ЗахІматалъ лъадарарав, лъаялъ цеве вачІарав,**
**Чангиязе хІалае хІажатавлъун ватарав.**
**Лъай кьеялъул хІалтІуда тІолабго гІумру арав,**
**Абадаияб рукъалъул талихІ кьеяв, Насрула.**

**Районалъул тІалабал тІуразаризе гІоло,**
**ТІалъиялде кидаго дуда нух батулаан,**
**Данияловасулгун ЦІоралда ккараб лъай-хъвай**
**Батана районалъе чанги хІажатаб къоялъ.**

**Къадруялда рехсола дур цІар жакъаги халкъалъ**
**ЛъикІав, гІаданлъи бугев мугІалим хІисабалда.**
**ХІалтІулел руго жакъа дуца кьучІ лъурал школал.**
**Дур тІалабалъ цІикІкІана лъай бугел мугІалимал.**



**ГІабдурахІман Данияловгун, 1960 соназул авал**

## ГІумру халатал цІунтІасел

ЦІунтІа районалда гІезегІан чияс бана нусгоялдасаги цІикІкІун сон. Масала, ХутІрахъ росулъа ЦІарбаца бана 122 сон. Гьелъул цІар босун букІана Гиннессил чІелазул тІехьалда. Ахираб заманалда, лъимер гІадин, кинида кьижизаюлаан гьей.

КІилъартІа росулъа ПатІимат КъурбангІалиевалъ бана 107 сон, Зехидаса ХІалиматица – 102, Мокъокъ росулъа ПатІимат Беравлиевалъ – 105, Цицимахъа ХІамзат ХІамзатовас – 103, Хъуприса ПатІимат ГІисаевалъ – 110, Махъалалъа ГІабдурахІман ГІабдурахІмановас – 101, Шапихъа Аминат Къурбановалъ – 105 ва гь. ц.

Гъоркьиса 100 сон бана Шапихъ росулъа КъурамухІамад ХІажиевасги. Гьесул букІана захІматаб гІумру. Ки-



**КъурамухІамад ХІажиев**

набго хІалтІи гьабизе ккolaaн кверaз. БетІербахъиялъе росулъ ресал рукІинчІелъул, цогидал гІадамалго гІадин, КъурамухІамадги хьвадана Гуржиялъе. Хаселалъ гьенивги хІалтІун, ихдал тІадвуссунаан росулъе.

Росулъ колхоз гІуцІидал, Къ. ХІажиев лъугьана вехьлъун хІалтІизе. Ячана лъади – Зехида росулъа ПатІимат. Гьейги гІумруялъго хІалтІана колхозалда дояркалъун. Гьез гІезабуна анкьго лъимер: щуго васги кІиго ясги. Гьезие лъикІаб тарбия-лъай кьуна эбел-инсуца. Васал Муртузги, Мухтарги ва Тажудинги рахъана учительзабилъун ва жакъаги хІалтІулел руго школазда. ГьабсагІаталда КъурамухІамадилги ПатІиматилги лъималазул буго 30 лъимер ва гьезулги – къогониги.

КІудияб ВатІанияб рагъул соназда КъурамухІамад ва ПатІимат ХІажиеваз фронталде битІулаан хІан, нах, хьухьарал шватаби. 1976 соналда ПатІиматие кьуна «Эбелалъул рецц» абураб лъабабилеб даражаялъул орден. КъурамухІамадие кьуна КІудияб Бергьенлъиялъ 70 ва 75 сон тІубаялъул хІурматалда риччарал медалал. Гьел кІиялго ккола ЗахІматалъул ветеранал.

Шапихъ росдал жамагІатчи КъурамухІамад, 100 сон баниги, хьвадула мажгиталде, цІалула Къуръан. Кутакалда бокьула «ХІакъикъат» цІализеги. Щибаб соналъ оцги хъун, садакъаги гьабула. Росдал жамагІаталъ, 100-сонилаб байрамги баркун, гьесие гьарула щулияб сахлъи.

***ХІажи НАЖМУДИНОВ,***
***ЦІунтІа район, ВицІиялъ росу***

## Иман бугелъуб, ияхIги букIунеб




**Нухлулал чIорого кваналеб кафе**

ГIемерисезда рагIун батила Шамил районалъул Гьолокь росдал рагIалда нухлулазе чIобого кваназе рес бугеб ашбазалъул хIакъалъулъ. Гьеб лъица барабали лъазаби мурад букIинчIониги, гьебго росулъа Къади Къадиевасда цадахъ росулъ сверулаго бичIчIана гьединаб иш гьабурав чи ГъазимухIамад МуртазагIалиев кколевлъи ва гьес жамагIаталъе гьарурал хIалтIабазул сияхI халатаб букIин. ГъазимухIамадица гIумру гьабулеб буго МахIачхъала шагьаралда. Замазаманалда вачIунев вуго росулъе ва щибаб нухалъ хIаракат бахъулеб буго росдае пайдаяб хIалтIи гьабизе.

Иргадулаб нухалда росулъе вачIарав ГъазимухIамадида Къадица абуна басрияб росулъ, кьодул кIалтIаго, гьитIинабго тукен бугеб бакIалда авалмажгит базе бокьун бугилан. ГъазимухIамадица гьениб берцинаб мажгит бана ва гьелъие кьуна тIарикъаталъул устар ГIасаса ГIабдурахIман-хIажиясул цIар.

ГIаркьухъа Юсуп-хIажияс абулеб рагIун букIана: мажгитал разе байбихьун хадув гьев чи мажгитал рачIого чIезе кIолареб унтуца унтулилан. ХIакъикъаталдаги гьеб унти бахун буго ГъазимухIамадидеги. Гьес цоги мажгит бана гьоркьохъеб школалъул азбаралда.



**Гьаб тукадаса чIобого ретIел-хьит кьола районалъул киналго имамзабазе, будунзабазе ва гьезул хъизан-лъималазе**

Росдал гIадамаз гьесда гьарана басрияб росу байбихьулеб бакIалдаса росдал къотIнобе хьил тIеян. Гьеб бигьаяб гуреб масъалаги, Аллагьасул квербакъиялдалъун, ГъазимухIамадида рагIалде бахъинабизе кIвана.

Къварилъи букIана къаси-къаси росдал къватIазда ракулел чирахъал гьечIолъиялъул. Къаси мехалъцин гIодобе бортараб рукIкIен бихьулеб хIалалъ къалъ-къалъун руго гьанже гьакьадерил къватIал.

Росдал аслияб мажгиталъе гьес кьуна «Газель» машина зияраталъ унел гIадамал раччизе. Аслияб мажгиталъул имамасе ва будунасе кьуна цIиял машинаби.



**Хабалал сверун гьабураб чали**

ГъазимухIамадица лъабабилеб мажгит бана федералияб шагьранухда. Сапаралъ унезе гьелъул кIудияб санагIалъиги буго. Гьенибго бан буго гьес чIобого нухлулазе квен жаниб лъураб кафеги. Гьенибго буго ГъазимухIамадил жиндирго тукенги ва гьеб тукадаса чIобого ретIел-хьит кьола районалда ругелщинал будун-дибиразе ва гьезул хъизан-лъималазе.

Кьодул кIалтIа гьес бана берцинаб ва гьанжесел тIалабазе жаваб кьолеб лъикIаб кофейня ва гьелдаса пайда босизе чIобого маян кьуна районалда бугеб «Инсан» фондалъухъе.

ЦIакъ гIемераб ва захIматаб хIалтIи гьабуна гьес росдал хабал агьлу сверун къаялъеги. Къадалги ран, тIад маххул чалиги гьабун, сверун къана хобал. Хобалазда гьабуна Къуръан цIализе тарал гIадамазе киналго шартIал ругеб берцинаб рукъ. Гьениб бачун буго бухIараб ва цIорораб лъимги.

Дица гьанир рехсечIелги гIемерал хIалтIаби гьаруна ГъазимухIамадица росулъ. ХIатта гьес къачIана ГъазимухIамад имамасул зиярат бугеб гендерил къварилъухъ бугеб мажгитцин.

ГъазимухIамадие бокьуларо рецц-бакъ ва гьакьадерил жамагIатчагIазул гьариялда рекъон хъвараб гьаб макъалаги гьесие балъгояблъун буго. Хадурккунги росуцоял разиял хIалтIаби гьаризе ГъазимухIамадие щулияб сахлъиги халатаб гIумруги гьарула.

## Хучадаса эменги васги

**ЭМЕН**



**Ибрагьим ГIалиев**

I957 соналъ Чачаналъа тIадруссун гочине ккарал Хучада росдал (Шамил район) жамагIаталда гIезегIан къо бихьана чIунтараб росу цIидасан рукIалиде ккезабулаго. Сах-саламатаб нух букIинчIолъиялъ хIамуца, чуяз, руччабазул мугъаз баччизе ккана росулъе къайи. Росдаейин абуни хIажат вукIана бажари бугев, исполкомалдеги райкомалдеги нух бахъизе кIолев, халкъалъул къварилъи-гIатIилъи бичIчIулев цевехъан. Гьеле гьединавлъун ватана мунагьал чураяв ГIалил Ибрагьим. Гьесул хIаракаталдалъун байбихьана росулъе шагьранух бахъизе. Нухлул сипат лъугьарабго тIоцебе Хучаде машина бачана Залмол Ибрагьимил вас Насрудиница. ЛъаратIа районалъул Анцухъ нухазул мастерлъун хIалтIулев вукIарав ХIажиясул ХирамухIамадица ва росдал гIолохъабаз кIудияб хIалтIи гьабуна росулъе нух бахъулаго. Гьениб кIудияб бутIа лъуна МахIмутIил МухIамадил ГIалицаги. Жакъаги рихxичIого руго нухда гьес гьарурал къадал.

Заманалдасан Ибрагьим хъизан-лъималгун гочана Темиргъоялде. Гьенибе ток бачиналъеги гIемераб хIалтIи гьабуна гьес. МагIарухъа гочун Темиргъоялде вачIарав гьев жамагIаталъ жидерго депутатлъун чанго нухалъ вищунги вукIана. Росуцоязе ток бачаралъухъ гьесие сайгъаталъе кьун букIана телевизор. Гьеб лъун букIана маххул нухлул станциялъул багIараб бокIоналда ва гьелъухъ балагьизе рачIунаан росуцоял.

Ибрагьимица ва гьесул лъади Расулил Хадижатица тарбия-лъай кьун гIезабуна лъабго лъимер: кIиго вас ва цо яс.

Гьезул вас ккола гьаниб гъоркьехун бицен гьабулев ГIалиев ГIалиги.

**ВАС**



**ГIали ГIАЛИЕВ**

ГIалил хIалтIул къо байбихьула ракьалда тIоцересел бакъул чIоралречIчIиялда цадахъ. Гьев щвезе кколеб бакIги, гьабизе кколеб хIалтIиги цIакъ гIемераб буго. Радал цудунго байбихьараб хIалтIул къо къаси кватIидал гурони лъугIуларо. Щаклъи гьечIого абизе кIола ГIалил хIаракаталдалъун кьучIдасанго хисанин Дагъистаналъул санаториязулгун курортазул хIалтIи ва хIухьбахъулезе гьенир чIезарурал шартIал. Жакъа Россиялъул бокьараб бакIалда хIухьбахъулезул сахлъи щула гьабиялъе гьабулеб хIалтIул бицунеб бугони, Дагъистаналъул курортазда ва санаториязда чIезарурал шартIал гIезегIан лъикIал руго.

Дагъистаналъул мединститут лъугIидал, ГIали хIалтIизе витIана Гъизилюрт районалде. Гьениб гьес живго вихьизавуна хIалтIи лъалев тохтур хIисабалда гуревги, гьунар тIокIав гIуцIарухъан хIисабалдаги. Гьеб бихьичIого хутIичIо республикаялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялдаги, ва гьев тIамуна Гъизилюрт шагьаралъул больницаялъул бетIерав тохтурлъун. Гьеб хъулухъалда хIалтIулаго гIемерал лъикIал хIалтIаби гьаруна ГIалица унтаразул сахлъи цIуниялъе санагIатал шартIал гIуцIиялъе.

ГIалил анищ букIана жиндирго клиника рагьизе, ва араб гIасруялъул 90-абилел соназда рагьана «Доктор Али» абураб клиника. Гьеб букIана республикаялда рагьарал жалго бетIергьанал клиникабазул тIоцебесеб милъиршолъун.

I996 соналда Дагъистаналъул курортазулаб цолъиялъул бетIерав директор цогидаб хIалтIуде иналдалъун эркенго хутIараб хъулухъалде анищ бугел гIемерал рукIана. Амма Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ гьениве тIамуна хIалтIуде рокьиги гIуцIарухъанлъиялъулаб бажариги бугев ГI. ГIалиев. Гьениб кьучIдасанго хисизабуна республикаялъул курортазул хIалтIи, тIадеги корпусал рана «Каспий» санаториялда. Гьанже гьенире щваразда рихьила сахлъи щула гьабиялъе ва хIухьбахъиялъе гIуцIун ругел санагIалъаби.

Соналдаса соналде цIикIкIунеб букIана санаториялъулгун курорталъулаб хъулухъ хIажатазул къадар. Гьебги хIисабалде босун, ГIалил нухмалъиялда гъоркь республикаялъул тахшагьар бакьулъ бана «Тарнаир» санаторий.

ГIали вуго гIадамазул мурад тIубазе кидаго хIадурав, гIагараб росдалги росуцоязулги тIалаб-агъазалда вукIунев инсан. КигIан кIудияб гьир мугъалда лъун бугониги, гьесда заман батула росуцоязул рохелги къварилъиги гIахьал гьабизе, нахъе кIанцIун чIоларо гьенир тIоритIулел гIаммал тадбираздаса.

Хучада балеб букIана кверкьолеб ва цогидалги жамагIаталъул гIаммал тадбирал тIоритIизе гIураб кIудияб мина. Гьелъулъги ГIалица кIудияб бутIа лъуна.

Райбольницаялъул бетIерав тохтурлъун хIалтIулев вукIарав МухIамад ТIалхIатовас бицана, ГIали вугила цохIо росдал ва районалъул гуребги, республикаялъулго ургъалида вугев чи. Аллагьас щулияб сахлъиги, халатаб гIумруги, хIалтIулъ икъбалги кьеги гьединал чагIазе.

*Гьумер хIадур гьабуна*
*РахIматуллагь МУХIАМАДОВАС.*

## ХАБАР

# ЛъарахIинчI

Дир бадибе хIур ккун букIана. Дица гьеб бацIцIад гьабизегIан, цояб бадибеги хIур ккана.

Дида бихьана, гьороца босун, гъотIодаса цIулал хIур бачIунеб букIин. Гьороде бадиве валагьаравго, дида кIиго цIакъго гьитIинаб лъарахIинчI бихьана. Гьел хIанчIаца жидерго газал бакъвараб гъотIода кIутIулел ругоан. Гьез турараб цIулалъа хIапара-хIутI балагьулеб букIана.

Гьел цIакъго гьираялда хIалтIулел ругоан. Дун валагьун вукIаго, гьел цIулалъе тIерхьун унел рукIана. ГIемер кватIичIого цо хIанчIил къватIибе баккараб цохIо рачI букIана.

Дун бигьа гьабун, балъгого гъотIоде тIаде вахана, ва, къватIибе баккун, рачI хьвагIелеб букIараб бакIалда дица хъат чIвана. ХIинчI гьебсагIаталъ хвараб гIадин лъугьана. Дица, кверги нахъе босун, рачIалда килищ хъвана, - гьеб щибго багъаричIого чIана. Мугъзадаса гIебеде килищ бахъана – хвараб гIадин, букIахъе чIана.

Цояб хIинчI, гIаркьелалда тIад гIодоб чIун, чIирчIидилеб букIана. КочIохъ гIенеккараб мехалъ, гьелъ жиндирго гьудулалда: «Воре паракъат, гIодобе биччан чIа», - ян абулеб батилин кколаан.

Дие хIанчIие гIакъуба кьезе бокьичIо, дун гьениса цоги рахъалдехун валагьун ана.

Гьеб мехалъ доб эркенаб хIинчI батIиял бакънал рачине лъугьана.

ХIанчIил рачI тIагIана. Гьелъ чIегIераб мухъги бугеб бетIер къватIибе баккизабуна, чIирчIидана ва пархан боржун ана.

ХIанчIи, гъотIол каралъги рещтIун, дихъ ралагьана. Дун инчIого чIун вукIана. Гьез дие бакънал рачана, цинги роржун ана.



***М. ПРИШВИН***

## МАХСАРАБИ

### Киназда божилел?



Цо къоялъ Малла Насрудинихъе вачIун вуго мадугьал, жиндихъе магIарде бачине хIама кьеларищан абун. Малла Насрудиница гьесда абун буго, жинца щайин кьолареб букIараб, кьелаанин, жакъа жиндир хIама рокъоб гьечIилан. Гьедин гьес абиялда цадахъго гIадин, бокьоб букIараб гьесул хIама рукъзал сороледухъ гьагIун буго.

ХIамил гьагIи рагIарав мадугьалас Малла Насрудинида абун буго: «Мун хIама рокъоб гьечIилан гурищ вукIарав, гьадале бокьосан ахIдолеб бугогури хIама», - ян.

Гьереси тIатиналда расги рекIекълъичIого, Малла Насрудиница гьесда абун буго:

- ЦIакъ бицараб жоялдаго божуларев чи вихьула мун, бетIер гIазу гIадин хъахIлъарав дида божулев гьечIо, тIохIоца бетIер кквараб кинабалиго хIамил гьаркьазда божулев вуго, - ян кIудияб гIайиб-гъвел гьабунила гьес мадугьаласда.

### Дир гьудул чан вугев

Цо нухалда Малла Насрудинида гьикъанила:

– Насрудин, чан гьудул вугев дур?

– ГьабсагIаталда унго-унгояв гьудул дир чан вугевали бицине кIоларо дида, щайин абуни исана дир хур лъикI бижараб сон буго, лъидениги хIажатаб хIалалда дун гьечIо. Унго-унгояв гьудулин абуни рес къотIун, къо бухIун вугеб мехалъ гурони лъаларо, – ян абунила Малла Насрудиница.

### ЦIваби кин гьарулел?

Цо нухалда Малла Насрудинида гьикъанила:

– ЦIияб моцI баккараб мехалъ, басриялда щибдай гьабула? – ян.

– КIудиял гIурал чагIазе, нужее гIайиб гьечIищ гьедигIан бигьаяб жо лъачIого рукIине? ЦIияб моцI баккараб мехалъ, басрияб квартIица бухун гIисинги гьабун, гьелъул цIваби гьарула, – ян жаваб кьунила Малла Насрудиница.

## ЭРКЕНАБ ЗАМАНАЛДА

**ТIанкIалги цолъизарун, сурат бахъун лъугIизабе**



## МАСЪАЛАБИ

Лъабго квацIиялда буго кинабниги I5 тIегь. ТIоцебеселда ва кIиабилелда цадахъ буго 8 тIегь, кIиабилеб ва лъабабилеб квацIабазда цадахъ буго I2 роза. Щибаб квацIиялда чан-чан тIегь бугеб?

* * *

КIиго инсуца ва кIиго васас квана 3 гIеч. Чан гIеч кванараб щивас?

* * *

Марямил букIана тIубараб гIечги, 2 бащалъиги ва 4 ункъил бутIаги. Кинабниги чан гIеч букIараб Марямил?

* * *

ГъотIода тIад букIана 6 къадако, гьезухъе боржун бачIана жеги 5 къадако. Бекерун бачIун катица цо къадако ккуна. Чан хIинчI хутIараб гъотIода?

* * *

КIиго хIалтIухъанасе цадахъ щвана 900 гъурущ. Цояв хIалтIана 2 анкьалъ, цогидав – 4 анкьалъ. КигIан гIарац щвараб щивав хIалтIухъанасе?

* * *

Ахикь букIана I28 гъветI, гьездаса 3I8 бутIа ккола гIечул гъутIби, 2I4 бутIа – генул гъутIби, хутIаралин абуни коконалъул. Чан коконалъул гъветI бугеб ахикь?

## ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### ТIабигIаталъул байрам

Их – макьу гьечIел сардал,
Гьайбатаб тIогьол завал,
ТIабигIаталъул байрам,
Баркула мун ракI-ракIалъ.
Их-херазул бахIарлъи,
Хехал лъаразул хъуди,

Их – авлахъалго цIурал,
ЦIиял кьагIазул гъади.
Их – хурзабахъ ясазул
ХIасратал кочIол бакънал,
Бакълъабазда гIухьбузул
ГIедерго пулеб щвантIих.

***ГIабдулмажид ХАЧАЛОВ***

### ГIанкIил рукъ

Рохьоб гIанкIил рукъ буго,
ГIажаибго кIудияб,
ГIалицайин бицараб –
Божиларищ нуж, лъимал?
Буран гIасилъаниги,
ГIазу-цIер ккананиги,
ГIанкIил рокъоб кидаго
Квачцин букIунарила.

КечI ахIулел, кьурдулел,
Квералги ккун кIанцIолел
Камураб гIалхул хIайван
Гьениб букIунарила.
Бокьараб чан бачIине,
НуцIби рагьун ругила,
Нух бихьизе букIине
Горда чирахъ бугила.

ГIалицани бицана
Цигицин бачIанилан,
БацIал, цурдул, гIангурал
ГIанкIил гьалбал ругилан.
ГIали гьерсихъан гуро,
Гьес битIараб бицуна,
Нужер щаклъи батани,
Раккизинха рокъоре.

***МухIамад ХIОСЕНОВ***

## БАСНЯ

### РитIучIги цIолбол ахги

Чанахъабаздаса лъутун цIолбол ахикь бахчана ритIучI. Чанахъаби аскIосан индал, ритIучI гьабул тIамах кваназе лъугьана.



ТIанхал рагъарахъдулел рихьидал, чанахъабазда ракIалде ккана гьениб бахчунцин гурищ ритIучI бугебилан. РечIчIараб жоялъ лъукъана гьез гьеб.

Холеб бугеб ритIучIалъ абуна:

- Рекъараб дие гьаб. Дунго хвасар гьабурал тIанхал кваназе кибе дун бахъараб?

***Лев ТОЛСТОЙ***

***Гьумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.***

# Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб Дагъистан



ГIарани. 1860-абилел сонал.

*(Байбихьи 13-абилеб номералда)*

**АВАР ОКРУГ**

**(Центр Хунзахъ, Хунзахъ росу)**

Округ гIуцIана 1864 соналъул 2 апрелалда Дагъистан областалъул Гъоркьохъеб Дагъистаналда аваразул ханлъиялъул ракьалда 1865 соналъул 25 июлалда ва гьеб гьоркьобе ана областалъул БакътIерхьул Дагъистан рагъулаб отделалде. Гьелда гьоркьоре рачана БежтIа округалда гьоркьор рукIарал наилъаби. Гьебго заманалда Авар округалдаса ГIанди округалде кьуна КIаратIа наиблъи. Гъуниб округалдаса Авар округалде рехана ГьаракIуни ва Унсоколо наиблъабиги цолъизарун гIуцIараб Гъойсубулиялъул наиблъи.

Хунзахъ наиблъи бикьана Хунзахъ ва Бакълъухъ наиблъабазде:

1884 соналда округалда букIанаункъо наиблъи – Хунзахъ, Бакълъухъ, ЦIатIанихъ ва Гъойсубули.

1808-1913 соназда округалда букIана кIиго участок – Хунзахъ ва Гъойсубули.

1913 соналда участкаялда рукIарал росаби:

**1. Хунзахъ участок (центр Хунзахъ).**

Гьамуши, ГIахьалчIи, БуцIра, БакьагьечIи, Гиничукь, ГьацIалухъ, ГьоцIалъ, Жалакьури, КIахъ, МочIохъ, Мущули, ГIобода, ГIоротIа, ГIочIло, Сивухъ, ТIагьада, ГIуркIачIи, ТIануси, ЛъагIилухъ, Кьохъ, Гьарадерихъ, Харахьи, ХIариколо, Хьиндахъ, Хьимакъоро, Хунзахъ, ЦIалкIитIа, ЦIелмес.

**2. Гъойсубулиялъул участок (Центр Унсоколо росу).**

ГьаракIуни, ГIашилтIа, Балахьуни, Бекьилъ, Генуб, ХIоцо, Зирани, Игьали, ИнкIвалитIа, Рихьуни, ИштIигьори, ИштIигьориколо, ХъахIабросу, Къудукь, Могьохъ, Мокъсоб, Унсоколо, ХарачIи, ЦIатIанихъ.

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун округ ДАССРалде гьоркьобе бачана.

1928 соналъул 22 ноябралда ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахIиялъул IV сессиялъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналда районал гIуцIиялъул проекталда рекъон округги хвезабун, гьелъул ракьалда гIуцIана КъахIиб ва Хунзахъ кантонал.

Округалда аслиял административиялгун территориалиял гIуцIабилъун рукIана ДАССРалъул ЦИКалъул 1926 соналъул 28 марталда гьабураб хIукмуялдалъун хвезарурал участкаби.

1920-1926 соназда округалда букIана ункъо участок: Бакълъухъ, Гъойсубули, Хунзахъ ва ЦIатIанихъ.

**Дагъистаналъул цогидал округазда гьоркьор рукIарал магIарул росаби.**

1. 1839 соналда центр Ахты росугун гIуцIараб Самур округалда гьоркьоб букIана КIусур росу (ГьочотIа).

2. 1867 соналда центр Темир-Хан-Шурагун гIуцIараб Темир-Хан-Шура округалда гьоркьор рукIана: ХIапши, Ахкент, Дурангъи, ТIасажунгут, КъулецIма, ОхIли, Урма, ЧIугIли росаби.

3. 1844 соналда центр Лаваши росугун гIуцIараб Дарги округалда гьоркьор рукIана: Кутиша, ХахитIа, ЧIугIли ва Чуни росаби.

**МагIаруллъиялда гIуцIун рукIарал участкаби**

**1. ГIандалал участок. Центр Ругъжаб.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьоре унел рукIана БацIада, Ругъжаб, СалтIа, Сугъралъ, Хьиндахъ, ЧIохъ росабазул советал.

**2. ГIанди участок. Центр ГIанди.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьоре унел рукIана ГIанди, Гьагъалъ, Гъунха, Зило, РикIвани, Чанхъо росабазул советал

**3. Анцухъ - Капучиялъул округ. Центр ЧIадаколо.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана ва гьеб бачана ЛъаратIа районалда гьоркьобе.

Участокалде гьоркьоре унел рукIана БежтIа, Гентиндинский, Гештатлинский, Готлинский, ГъоркьатIаш, Тлездадинский, Кьадал ва ЧIадаколо росабазул советал.

**4. ГIахьвахъ участок. Центр ТIадмагъилъ.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьоре унел рукIана ГIасаб, Гьимерсо, Изани, КIудиябросо, КIванада, МестIерухъ, ТIадмагъилъ, Лъибишо, Лъондода, Лъануб, ТIукитIа, Хуштада, ЦIекIоб росабазул советал.

**5. Бакълъухъ участок. Центр Гьандихъ.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун авар округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана. Участокалде гьоркьоре унел рукIана Гьандихъ, Гъоркьа Бакълъухъ ва НитIаб росабазул советал.

**6. БежтIа участок. Центр БежтIа.**

1991 соналъул 21 октябралда къватIибе бачIараб ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун ЦIунтIа районалда гьоркьоб административияб центрлъун БежтIа росуги гьабун букIана БежIта участок.

Участокалъул росаби - БежтIа, Кьадал, ХашархотIа.

**7. Бугьнада участок. Центр ЛъаратIа.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалде гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана ва гьеб бачана ЛъаратIа районалда гьоркьобе. Участокалда гьоркьоре унел рукIана Сикар, Къамилухъ, Коло, ТIохьотIа, ЛъаратIа ва ЧIорода росабазул советал.

**8. Гумбет участок. Центр МелъелтIа.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъ гьабураб ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьоре унел рукIана – Аргъвани, ГIаркьухъ, Гъадари, Данухъ, Ингиши, ИчичIали, КIижани, Килалъ, МелъелтIа, Гъоркьа Инхо, Сивухъ, ЛъаратIа, ЧIиркъатIа, ЧIикь, ЦIиликь, ЦIунди росабазул советал.

**9. Дидоязул участок. Центр Кидеро.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмаялдалъун участок къана ва гьеб бачана Эчеда районалда гьоркьобе.

Участокалда гьоркьоре унел рукIана – Асахъ, Кидеро, Мокъокъ, Лъацуда, Хъуйикь, Шапихъ ва Шагьикь росабазул советал.

**10. Казбек участок. Центр Гуни.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун Хасавюрт округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда гьабураб ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.

1928 соналъул 22 ноябралда букIараб ДАССРалъул ЦИКалъул 4 сессиялъул хIукмуялдалъун районал гIуцIиялъул проекталда рекъон участок сверизабуна Казбек подкантоналде.

Участокалда гьоркьор рукIана – Алмахъ, ГIаркьухъ, Буртунай, Гуни, Дилим, ЦIобокь, Инчха, Гъоркьбуртунай ва Хубар росабазул советал.

**11. КIаратIа участок. Центр КIаратIа.**

1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун ГIанди округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьор рукIана – ГIанчихъ, ГIарчо, ТIасаинхело, Ингердахъ, КIаратIа, Рацилъ, Хелекьури, ЦIолода росабазул советал.

**12. Къарахъ участок. Центр Лъалухъ.**

1921 соналъул 29 январалда ВЦИКалъул декреталда Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачана.

1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьор рукIана Сачада, Лъалухъ, Гьачада ва ЦIулда росабазул советал.

**13. Гъойсубулиялъул участок. Центр Унсоколо.**

Авар округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана ВЦИКалъул 20.01.1921 соналда гьабураб декреталдалъун.

ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъ 1926 соналъул 28 марталда гьабураб хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьор рукIана – ГьаракIуни, ГIашилтIа, Балахьуни, Генуб, Рихьуни, Игьали, ХъахIабросу, Къудукь, Мокъсохъ, МочIохъ, Сивухъ, Унсоколо, ХарачIи ва ЦIатIанихъ росабазул советал.

**14. КIуяда участок. Центр Къорода.**

Гъуниб округалда гьоркьоб ДАССРалда гьоркьобе бачIана ВЦИКалъул 1921 соналъул 20 январалда гьабураб декреталдалъун.

ДАССРалъул ЦИКалъ 1926 соналъул 28 марталда гьабураб хIукмуялдалъун участок къана.

Участокалда гьоркьор рукIана – Хьаргаби, МагIли, Къорода, КIуяда ва Хъвартихьуни росабазул советал.

*(Хадусеб букIине буго)*

***П. ПАЙЗУЛАЕВ***

# «НекIони дудаса гьел хIинкъун рукIун ратила. Гьанже щайзе хIинкъулеб гьаб Госкино, гьаб Мосфильм?»

Араб гIасруялъул 60-абилел соназ машгьурав режиссер Георгий Данелияца («Мимино», «Афоня», «Кин-дза-дза!») бахъизехъин букIун буго гIурус пачаясда рихарав наиб ХIажимурадил хIакъалъулъ драма.

– ЦIакъ лъикIаб сценарий букIана Георгий Николаевичасул, - илан ракIалде щвезабулаан ХIажимурадил роль хIазе жиндир анищ букIарав машгьурав Вахтанг Кикабидзеца. – РакIчIун абизе кIола – дица гьениб роль хIазе букIана, амма кинабали лъалароан. Дирин абуни, хьул букIана – щиб лъалеб, кьезе бегьулагури дихъе ХIажимурадил роль? Дир саналги дандекколаан гьелъие.

ХIажимурадил роль хIазе бугеб гIищкъуялъул кутакалъ, кIкIван бетIергун, чIегIераб мегежгун гьев Данелийида цеве чIола. Гьеб сипаталъ хIайран гьаврав режиссерас ахIун буго:

- Ваа! Дуца хIазе буго Шамилил роль! - илан абун. – Гьадин ракIалде щвезабулеб буго Кикабидзеца жиндиргун гьабураб цо гара-чIвариялда.

Абула политикиял бербалагьиязул кьучIалда ккараб дандеккунгутIиялъул хIасил кколин «ХIажимурад» фильм бахъизе течIолъи. Жиндирго ракIалдещвеяздаги режиссерас хъвалеб буго гьеб хутIанин живго Расул ХIамзатовасдагицин рагьизе кIвечIеб балъголъилъун.

Гьелъул хIакъалъулъ бицана сценариялъул режиссер Владимир Огневас. Гьесул рагIабазда рекъон, сценарий нахъе бахъун буго Расулидаги Госкиноялъул бетIерасул заместитель Владимир Баскаковасдаги гьоркьоб ккараб дагIбаялдаса хадуб (гьевги вукIун вуго сценариялъул соавторлъун). Гьеб ккун буго Данелиял квартираялъуб, хIадурун бахъараб картина къватIибе кьезе гьев хIадурлъулеб мехалда.

Огневас ракIалде щвезабулаан:

«МугIрузда букIараб рагъул тарихалде гъорлъе ваккулаго, Баскаковас загьир гьарулел руго Расулил рекIее лъикIаб асар гьабулев вукIарав Чачаналъулги Дагъистаналъулги имамасул хIакъалъулъ лъикIал гурел жиндирго пикраби. Гьеб букIана сахлъулареб ругъунлъун. Кидаялиго гIолохъанав, литературияб институталъул студент Расулица гьабун букIана кIудияб мунагь – доб заманаялъул пикруялда тIадги рекъон, гьес Шамилиде абун букIана Англиялъул жасусилан. Жинхъаго ккараб гъалатI бацIцIине рес балагьи, имамасде рокьи загьир гьаби - гьеб кинабго букIана доб гъалатIалдаса хадуб…






Ва цо заманалдасан лъикIго рекIелгъей букIараб столалда нахъа лъугьана рихха-хочи.

Расул:

- Мун - кьобухIарав, пакъирав хIаким. Хвела мун. Щиб хутIизе бугеб дуда хадуб? Шамил -кIудияв инсан. Мун гьесда ващалъизе гьечIо, чIагоясдаяли киса гурин, хварасдагицин.

Дица столалда гъоркьан Расулида хIетIе тункулеб букIана. Амма гьесда вуцIцIине ракIалдецин кколеб букIинчIо. Баскаковасул кьер тIолеб букIана. Расулица бицунеб букIана сундего ругьунлъичIел, щибго лъаларел, бажаруларел хIакимзабазул хIакъалъулъ…»

Гьеб къокъабго дагIба-рагIиялдаса хадуб Баскаков столалда нахъаса вахъун ун вуго.

- Гьеб дагIбаялъул хIасилалъухъ гIемераб мехалъ ралагьун чIезего ккечIо, - йилан абун, цIидасанги байбихьана Огневас хабар. - ЛъикIаб гьоркьоблъиялда вукIарав Баскаков, Комитеталда дун дандчIвайдал, ахIдана: «Дица гIурусазде данде бугеб кино бахъизе гьечIо!» - йилан абун. ГIададисеб иш батана гьесулгун хадусеб гара-чIвари. Дица абулеб букIана фильмалъул автор дун вугин, Расул гIицIго консультант кколин абун. Амма гьес гIинтIамичIо. Баскаков дагьавги цIакъ ахIдезе лъугьана. Гьесда цохIо жиндирго гуреб гьаракь рагIулеб букIинчIо.

Гьоркьоб заман индал, «ХIажимурад» сценариялъул жилдазда Р. ХIамзатовас гьадин хъвана:

**- Дур бетIерги къотIана,**
**Къаркъалаги турана,**
**Заманаги сверана,**
**Санал, сагIтал тирана.**

**НекIони дудаса гьел**
**ХIинкъун рукIун ратила.**
**Гьанже щайзе хIинкъулеб**
**Гьаб Госкино, гьаб Мосфильм?**

***Босана Урбеч-каналалдаса***
***- https://t.me/ur_bech***

## ЗАМАГАДАРЛЪАРАЛ РАГIАБИ

**АГЪ** - лъилниги, сундулниги къуват буголъи, хIал буголъи.

***Жиндир агъ бергьарав***
***нартав вукIаравила (маргьудал)***
***Гьорол агъ беканила,***
***кинабго гIодоцанила.***
***Унтул агъ тIун бугила,***
***бигьалъи бачIинила. (кI.)***

**АГI** - гьотIол гIаркьел къотIидал, къватIибе кIанцIун хутIулеб ахалъи, гьениб лъугьараб кIудияб гарацI.

***АгIазул цIун буго***
***цIулакьодал гъветI,***
***Гьарималъул рохти***
***буго гарцIцIаххун…***

**АЛА** - некIо рокъобе канлъи бачIине тIохде лъолеб гьитIинаб гордо.

Аладухъан валагьарав росасда йихьанила, хинкIал рахъулей лъади. (фольклор.)

**АЛАНЖ** - лъималазул черхалда тIаде гIисинаб тIанкIал ралеб, ссусс бан бугин яги «месед» банилан абулеб унти.

***Медицинаялда корь***
***абулеб унти.***
***Меседищ абали, ссуссищ абали,***
***Ав нижер васасде***
***бан бугеб аланж…***

**АЛАПА** - лъагIалил яги моцIрол бихьизабураб харж. Цебе гIарцулаб премиялда абулаан алапайилан.

***Берцинлъиялъ, хъахIлъиялъ***
***Алапа хъвалеб ани,***
***Эбелго берцинай дуй***
***Нусго томен щвелаан. (х.к.)***

**АЛАШУБУТ** - гIодобнакIкI, гIодоб лъураб накIкI, (гI.м. туман.)

**БАВАСУР** - Гъизгун цадахъ би бачIунеб унти. КIудияб бакьалда жаниб бидул цIурал, цIинкрал гIадал жал лъугьунеб унти (гI.м. геморрой).

***ГIемер гIодов чIолев***
***гIамал бугесде***
***Бавасур бачIина,***
***чIамучIаб унти… (аби-н.)***

**БАГIАРЖО** чиясул кIварщ жанисан унеб цо лага, ургьисала, (гI.м.почка).

БагIаржал ккола ургьисалаби… (кал-н).

БагIаржалаз хIалтIизе инкар гьаби – чиясул сахлъи хвараб мех ккола. (кIалъ-н).

***Ургьисалаби, тIад тIатIиги рекIун,***
***РукIунин абула,***
***унти цIикIкIиндал. (х.к.)***
***РакI гIадаб, жал ккола***
***ургьисалаби,***
***Гьез инкар гьабуни,***
***балагь рештIуна…***
***(МАГIАРУЛ БОЛМАЦIАЛЪУЛ МАГIНАВИЯБ ПАРГЬАНГалдаса)***

ХIАКЪИКЪАТ

БетIерай редакторалъул ишал тIуразарулей ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна 65-00-66

Заместитель Зикрула ИЛЬЯСОВ

Жавабияв секретарь МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

Отделал: Тарих Редактор: Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ МухIамад Манапов

Информация, политика, гIелму ва лъай кьей Редактор: Кавсарат Сулейманова Ашахан Юсупов Рукъият ГIалисултанова

РухIияб хазина Редактор: ПатIимат ГьитIинова ПатIимат СултIанмухIамадова

Адабият Шамай Хъазанбиева

Росдал магIишат Редактор: ГIабаш ГIабашилов ПатIимат МухIамаева

ЦIалдолезул кагътал Нури Нуриев ГIайшат ХIалакъова

Корректор Хадижат Дамаданова

Социалиял гьинал, IT-технологиял МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес: hakikat1917@mail.ru www.hakikat.info

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, I-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ 367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ: ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

Тираж - 5009

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».